

Kubera Iki Untakira? Vuga!

Jeffersonville, Indiana, USA
14 Mukakaro 1963 Mu Gatondo

1 Umwamiabahezagire! Reka tugume duhagaze umwanya mutoya, mu gihe twunamitse imitwe. Mbega hoba hari uwufise umutwaro w'umwihariko? Nimba muwufise, nimuvyerekane mugukiriza amaboko yanyu muyatumbereje ku Mana, hanyuma muvuge muti: "Mwami, Urazi umutwaro wanjye."

2 Data wo mw'Ijuru, mu vy'ukuri turi abantu bagiriwe ibakwe aka gatondo, kubonatwakoraniye mu ngoro y'Imana, mu gihe tuzi yuko hari benshi cane bari bipfujekuba mu ngoro y'Imana aka gatondo, ariko bakaba bari mu bitaro baryamye kubitanda vy'abarwaye. None ehe waduhaye aka karyo ko kuba tutari hiyo twebwe. Kandi Mwami, ntitwigera tuza kugira ngo turabane, n'ubwo dukunda kugiraniraisangira; ariko ivyo turashobora kubikorera mu mihira yacu. Ariko tuza hanokugira ngo tugiranire isangira n'Umwe Yadukoraniriza hamwe nk'abana bavukana.

Turagushimiye kano kanya. Kandi uburyo bumwe tuzi bw'ukuri bwo kugiraniraisangira na Wewe ni igihe dukikuje Ijambo ryawe. Iryambo ryawe ni ryo Kuri. Dukoraniyehamwe hano kubw'inkomezi za Mpwemu. Turabikeneye, Mwami. Dutegerezwa kugirainkomezi zo gutwara imisaraba twiremetse. None turasavye ngo Uzer kurungika Umwe Mpwemu Yera ahambaye uyu muni, maze adukomeze twese. Wishure imitwaroy'abantu bawe mu gihe dukoranye tukadugirije ibiganza, vyerekana yuko dukeneye ivyo bintu. Niwishure umwe wese, Mwami.

3 Turagushimiye kubona warazigamye ubuzima bwa Mushiki wacu Ungren ejo kumugoroba, muri rya sanganya ryabera hariya ruguru kw'ibarabara. Warabagiriye Ubuntu, Mwami, kandi ivyo turabigushimiye. None ubu turasenze, Dta wo mw'Ijuru, ngo Ubandanye uri kumwe natwe wongera Udufasha mu gihe tubandanya urugendorwacu, umwe wese muri twebwe. Twambike Ubushobozi bwabwe hamwe n'ukwizerabimenyesha yuko Inyonga zawe zitananirwa ziri kumwe natwe. Mur'iki gihe aho ataco dushobora kwimarira, turazi yuko "Abamarayika b'Imana bacumbika ahariabatinye Imana, kandi ko baduterura kugira ngo ibirenge vyacu ntibitsitire." None turagusavye aka kanya Uduhe ku Mihezagiro yawe kubw'Ijambo, Uvuganire natwe muri Ryo, be n'imbere muri twebwe, mw'Izina rya Yesu Kristo. Amen.

4 Ndashima kubona hari akazuba hanze, imishwarara, izuba ririko riraka. Hari hasanabi cane mw'iki gitondo. Kandi ndibaza na canecane mur'iki gihugu, tugiraikirere ciraburaniwe c'ibipfungu. Rero kubona izuba ririko riraka, riserutse, biba ari vyiza cane.

Iki gikorane gito c'umuryango c'uyu muni, mbonana na barumunanje, bari hariyaruguru muhira kwa mushikanje, hamwe na bamwe dufise ico dupfana mw'iki gisagano mu micungararo. Hariho umugwi munini wa bene Branham. Hamwe abava muri Kentucky bari hano bose dukoraniye hamwe, nibaza ko twoca dukotesha ikigisagara; ni benshi cane. Ariko gusa ugukorana kw'abo mu rugo. Twese twahoraduhurira muhira kwa mama, na yari igishitsi c'ifatiro ku buryo hari ukuntuyatuzigamiye hamwe. Ariko ico gishitsi c'ifatiro Imana yaragitwaye mw'Ijuru, kandi nizigiye yuko tuzohurirayo umuni umwe.

5 Hanyuma naravuze wa muni wundi, mvuga nti: "Nibaza yuko ubutumwa bwanje bwokw'Iyinga tuzobugabanyako nk'iminota mirongo itatu, ha—hanyuma, duce dusengera ababurwaye." Kandi ivyo navyiyumviriyeko kano gatondo.

8 Naranavyiyumviriyeko ejo ku mugoroba, igihe Mushiki wacu Downing yampamagara akambwira birya bintu, yahamagaye Billy amubwira yuko we hamwe na Mushiki wacu Ungren bari bahushije ibarabara hariya ruguru hanyuma bagira isanganya. Hanyuma Billy akimaze umwanya kw'idirisha, sinzi ngo hari isaha zingaha; kumbure mw'ikigitondo, umwanya kanaka. Nari nasinziriye gato. Nitegereje amatara yariko arakahanze kwa Mwene Data Wood; hanyuma nca ndafukama ngo nsenge, ngifukama, Ikintukanaka gica kimbwira ngo: "Bimeze neza." Ni kwo guca mbwira Billy nti: "Mubwire yuko niyumvira ko 'Vyose biza kugenda neza.'" Ndanezerejwe cane no kubabonakano gatondo, kandi bicaye mu ngoro y'Umwami, hano mu mfuruka y'ibarabara.

Abantu babakunda, baza bavuye ku bilometero amajana baje kwumviriza Ubutumwa Bwiza, rero nacye nibwira nti: Ubutumwa bw'iminota mirongo itatu, n'ukuntunikwega, ntaco bwobamarira." Rero nca nibaza yuko nogira gusa...bukaba burebure.

Ubugira kandi, kwumva Mwene Data Ungren, umuhungu wiwe aririmba aka gatongo ngo: "Ukuntu Uri Nkuru." Yari afise... Bisigura vyinshi kuri kano gatondo kurusha icovyasigura ejo hahise ku muhingamo, kubera ya Mana ihambaye yo mw'Ijuru yazigamye umukundwa wiwe w'igicro hamwe na mushikiwe.

6 None, uyu muni, twiteze ibihe vyiza mu Mwami. Kandi rero nari mfise ibisomwabibiri canke bitatu bitandukanye nariko nditegereza, rero sinariko ndashoboragutora ico novugako kano gatondo. Kimwe muri vyo cari: "Nimuyizaniye imyitwarariko yanyu, kubera Irabitayeho. Rero, nimba ibitayeho, mweho kuki?"

Hanyuma rero uwundi, Billy Paul, nako si Billy Paul... Wa wundi muhungu wanjye, Joseph, aca anzanira iki gisomwa haheze umwanya utari muto. Umuni umwe yariyicye mu cumba, hanyuma avuga ngo ariko aritegereza irya foto, hanyuma Billy... Nako, Joseph arakunda cane ubwato, co kimwe n'abandi bana

b'abahungubakiri bato, ubwato n'amafarasi, murabizi. Rero aca ambaza ngo: "Papa, Yesuarafise ubwato?"

Ncandamwishura nti: "Ntavyo nzi."

7 Rero amaze guhaguruka akagenda, nca ntangura kwibaza ngo: "None Arafise ubwato?" Ni ho naca ndonka igisomwa kivuga kur'ivyo, nca ndacandika gusa hano mu gatabukanje, "Yesu arafise ubwato?" Hanyuma nca nongera kwibaza nti: "Igihe Yari hanokw'isi, vyabaye ngombwa yuko atira igitereko kugira avuke, imva yo guhambwamwo, ubwato bwo kwigishirizamwo, ariko ni We Muyobozi wa bwa bwato bwa kerabw'Isiyoni." Nta nkeka, ni We. Ariko, kur'ivyo bisomwa nariko ndiyumvirako, niyumviriyeyuko twoshoboye kubivugako mu nyuma, imbere yuko dusubira inyuma.

14 Murazi, ndakunda kuvugira mur'iri Hema rya hano, kubera ari ishengerero ryacubwite. Twumva dufise umwidgegemvyo wo kuvuga ico Mpwemu Yera avuze cose. Mubindi bibanza, n'ubwo uwo muntu aba ashaka yuko ujayo, hariho ukuntu wumvawokwifata kubera uba uri mw'ishengerero ry'uwundi muntu, kandi uba ushaka kubaumugabo abushitse ku buryo wubahiriza ivyiyumviro vyabo be n'inyigisho yabo.

8 Twaragize ibihe vyiza cane hiy'epfo kwa Mwene Data Burcham. Reronari nagiyeye mu ruganda rukora amaforomaje. Ndabonayuko we be n'umugore wiwe hamwe n'umwana bari hano kano gatondo. Kandi burigihe nahora niyumvira yuko mu ruganda rwa foromaje hoba co kimwe nk'ahandi hosenahora nja, yewe, haba ari ahantu hasa nabi ukuntu kandi hacafuye. Bagenzi, nshobora kuvuga ikintu kimwe, ushobora kwizera neza kandi ukaguma uzi neza yukoaho hantu hatanduye. Ni ho hantu hasukuye noba narigeze kuja, na canecane muruganda. Kandi sinabimenye. Ndiyumvira nti: "Ôo, birashoboka ko bakora ibiroijana vy'amaforomaje ku munsu." Kandi bakora amatoni atandatu ku munsu, hamwen'amahinguriro atatu akora. Nca ndibaza nti: "Nonebagenzi, ni nde aya izi foromaje zose?"

Ariko Uhorahoyarahezagiye uyo mugabo. Naragiriwe amahirwe yo gushika muhira iwe, urugo rwizacane, umugore mwiza yiyeguriye Imana. Kandi nta mpamvu n'imwe yotuma badategerezwakubaho kubwa Kristo buri munsu, nk'uko babikora. Narahuye n'abahungu biwe, kandi ni abana beza cane. Turanezererewe iri sangira tugiranira.

Namenye kouwahoze ari umwungere wabo yari u—umuntu nzi, Mwene Data Gurley, umuntu mwiza canew'Ukwemera kwa Pentekote Yuze Ubumwe, uwo nahuye na we mu myaka yahera, i Jonesboro, muri Arkansas. Kandi ntibari azi ko bari...uwo yari umwungere wiwe, nubwo.

9 Noneho mwibuke igikorane co kuri uyu mugoroba. Hanyuma, Umwami niyabishaka, ku w'Iyingauza twizigira yuko tuzongera kuvuga. Kandi nibaza yuko kuw'Iyinga ukurikira ntegerezwakuzoza muri Chicago. Ubwo rero nzomarayo igihe gito, ntegerezwa gusubiza umuryango muhira, basubireyo, nako basubire muri Arizona kugira ngo bo, abana, bongere kwiyandikisha kw'ishure. Hanyuma twaretse kuburagiza umwungere, dufata mugutwara ibikorane vyawe.

19 Rero, turashimira cane Mwene Data Neville kubwo kwakira abashitsi, murabizi, kuba yarantumiye. Kandi ni ko ameze, atari... Nkunda, Mwene Data, umugabo mwen'uwu, aho nta buriganya, nta kwikunda, ni Ubukristo bw'ukuri. Ivyo ndabikunda.

10 Kano kanya tugiyeye gusoma bimwe mu Vyanditswe hanyuma tubivugeko. Kandi sinziigihe tuza gusohokera, kuri ubu butumwa burebure, ariko ndibaza ko...Ejo bundi narikomvuga ku vyerekeye kuvuga umwanya muremure cane, umuntu umwe yavuze ngo: "Eregaburya, hamwe uvuze iminota mike; hanyuma ugaca uvuga ibijanye n'amabanga, ukobiri kwose, ntitwokwigera dushobora kubitahura." Bandanya uvuga, inyuma y'igihigito bica bitomoka, ni ko yavuze. Rero kumbure rero ko Umwami ashaka yuko tubikora guryo. Reka twongere twunamwe.

11 Mwami, Ijambo ryawe riri hano ku gicaniro rizinguruye, kandi turazi yuko umunsiumwe rizingwa irya nyuma, noneho Ijambo rizoba umubiri. Na none tu—turakengurutsekubw'uyu mwanya muri iki gitondo. Rero Utwugururire ibiri mur'iri Jambo tugiyegusoma, biciye kuri Mpwemu Yera wawe. Rero Mpwemu Yera atwigishe uyu munsu ibintu dutegerezwa kumenya. Reka noneho, natwe dutegereze yompi Ijambo ryose, dupime uburemere bwa buri ryungane. Kandi abariko bumviriza bakoresheje inzira y'amabande, bumvirize mu bwitonzi ntangere. Kandi reka dushobore gucakira ico Mpwemu Yera azoba ariko aragerageza kudukubwira. Kubera ko turazi yuko, nimba Yategerezwakudusiga, aho rero iryo sigwa si iry'impfagusa. Ni kubw'intego, kugira ngo rikoreivyiza, kubw'Umwami. Kandi imitima yacu n'ugutahura kwacu vyugururwe, Mwami.

Reka tugire ubwisanzure bwo kuvuga, n'ubwisanzure bwo kwumva, no gushika kukwizera, kugira ngo twizere ivyo tuza kuba twumvise, nk'uko biva mw'Ijambory'Imana; kugira ngo ivyo bituzanire Ubugingo Budashira, kubwa wa Munsu uhambayeugiye kuza. Uduhezagire uyu munsu. Ducire urubanza aho tutari mu kuri. Nutumenyesheamakosa dufise. Kandi uduhezagire mu nzira y'ukuri, kugira ngo dushobore kumenya inzira yo kujana, n'ingene turi bwifate muri iyi si ya none; kugira ngo tutuzanire icubahiro, mu buzima bwacu hano, kuri Yesu Kristo, Umwe Yadupfira kugirango aduhe Ubugingo mu bihe bihambaye vyo hanyuma. Ibi tubisavye mw'Izina rya Yesu. Amen.

12 Kano kanya ngomba gusoma ahantu habiri mu Vyanditswe, muri iki gitondo. Rerohamwe muri ho tuhasanga mu Gitabu co Kuvayo. Muv vy'ukuri, hompi ni mu Gitabu coKuvayo. Hamwe, ni mu kigabane ca 13, umurungo wa 21 na 22. Hanyuma ahakurikirani mu kigabane ca 14, umurungo wa 10, 11 na 12. Ubu rero ndasoma mpereye muriKuvayo 13:21.

Uhoraho ku murango yabaja imbere ari mu Nkingiy'Igicu, ngw'abarongore mu nzira, mw'ijoro yabaja imbere ari mu Nkingiy'Umuriro, ngw'ababoneshereze, kugira ngo babone uko bagenda ku murango nomw'ijoro.

Ya Nkingi y'Igicu ntiyava imbere y'ubwo bwoko kumurango, n'iyonyene y'Umuriro ntiyabava imbere mw'ijoro.

Ubu na ho muri Kuvayo 14, hanyuma ku murungo wa 10:

Farawo abegereje, Abisirayeli bunamura amaso, babonaAbanyegiputa babomye inyuma, baranduka imitima, maze batakambira Uhoraho.

Maze babaza...Mose, kubera aho...(murantunga).

Babaza Mose bati, Mbega nta mva zari muri Egiputa, mukutuzana gupfira mu bugaragwa? N'iki catumye utugirira urtyo, kudukura muriEgiputa?

Iki si co twakubwira tukiri muriEgiputa, tuti Turekedukorere Abanyegiputa? Kukw'iciza kwar'uko dukorera Abanyegiputa, hakodupfira mu bugaragwa.

Ngira nsome iyindi mirongo mikeya ikurikira:

Mose yishura abantu ati Ntaco mutinya...

Uburero hano hantu muhumvirize mwitonze.

Mose yishura abantu, ati Nta co mutinya: mwihagarariregusa, murabe agakiza Uhoraho agira ngw' abazanire uyu musi: kukw' Abanyegiputamubonye uyu musi mutazokwongera kubabona ukundi. Uhoraho ni we agira ngw' abarwanire, namwenimwinumire gusa.

Uhoraho abaza Mose, ati N'iki gitumye untakira? BariraAbisirayeli bakomeze bagende. Naweumanike inkoni yawe, uramvure ukuboko hejuru y'ikiyaga, ugitandukanye:Abisirayeli bace hagati mu kiyaga nko ku musozi.

Nanje raba, ndakomantaza imitima y'Abanyegiputa, na bobahace, babakurikire; maze mbone kwihesha icubahiro kuri Farawo no ku ngaboziwe zose, no ku mikogote yiwe, no ku bagendera ku mafarasi biwe.

Abanyegiputa ni ho bazomenya yuko nd' Uhoraho,ninamara kwihesha icubahiro kuri Farawo no ku mikogote yiwe, no ku bagendera kumafarasi biwe.

Maz'Umumarayika w'Imana yahora abagenda imbere, avayo, agaruka inyuma yabo; yaNkingi y'Igicu iva imbere yabo, iraza ihagarara inyuma yabo, ija hagatiy'ingabo z'Abanyegiputa n'iz' Abisirayeli; ku ruhande rwa bamwe hubikiza igicu,hacura umwiza, ku ruhande rw'abandi haba Umuco wo kubonesha mw' ijoro:ntibaruha begerana iryo joro ryose.

NukoMose aramvura ukuboko hejuru y'ikiyaga; Uhoraho ahuhutisha umuyaga mwinshiuviye i burasirazuba, ukeshya ijoro ryose, usubiza ikiyaga inyuma, amaziayagabanyamwo kubiri, ahindura ikiyaga ahumutse.

Maz' Abisirayeli baca hagati mu kiyaga nk'abaca kumusozo; amazi ababera nk'umurombero i buryo n'i bumoso.

Abanyegiputa na bo babakurikira hagati mu kiyagababomye inyuma, n'amafarasi ya Farawo yose, n'imikogote yiwe, n'abagendera kumafarasi biwe.

Nuko mu gicugu ca nyuma Uhoraho acishiriza ari muNkingi y'Umuriro n'Igicu, arunguruka ingabo z'Abanyegiputa, azica ivutu.

Atumaamagurudumu y'imikogote yabo arafata, ntiyaba igikwegeka neza. Maz'Abanyegiputa baravugana, bat' Enda duhunge, tureke Abisirayeli, kuk' Uhorahoabatabara, ari We aturwanya.

13 Ijambo ry'Uhoraho rirahambaye cane, ni ryiza cane, nta buryo buhari bwoguhagarika kurisoma. Riza ryamaze guhinduka Ubuzima gusa, tukirisoma. Nibazayuko mur'iki gisomwa co muri iki gitondo, nubwo biriko birafatwa amajwi,ndashaka kuvuga ibi mu ntango, ukwo ndavyibaza jewe ubwanje. Kandi impamvu na...Ejohahise, mu gihe nariko ndazirikana, ni ho naheza nshika kw'uyu mutwe w'icigwa,hanyuma nca ndibaza nti: "Ngiye kubivugako Umwami niyabishaka, kuko naje binsubizahasi." Kandi ndizere yuko twese

biza kudusubiza hasi, kugira ngo tubone, mazebidutere kurangamiza; maze tuvuyigeko, mu kugereranya uko uwo muni wari umuzeico gihe,...hamwe na kino gihe ca none.

14 Ngomba mfate amajambo atatu kubw'umutwe w'icigwa, aka ari uwo: Kuki Untakira? Vuga! Imana yabwiye Mose,hano ku murongo wa 15, iti: "Kuki untakira? Bwira abantu babandanye." Rero: Kuki Untakira? Vuga!

Rero, dufise umutwe w'icigwa mwiza, nanje ndaza kugerageza kwihuta vubabishoboka, uko Mpwemu Yera aza kundongora. Kandi ndashaka kwiyumvirakuri...kw'iki gisomwa, aho Mose atakambira Imana mu gihe c'amakuba; hanyuma Imanaica iza imukankamira, mu mwanya nyene rwari rukamvye. Kandi rero bisa nk'ahoari ibisanzwe, ko umuntu atakamba. Mbega ugukankamirwa kur'aho, kubona Imana yacyeihindukira iramukankamira kubwo kubivuga, kubera yari ayitakambiyeye. Bibonekako wari ikintu kigumye cane.

15 Kenshi iyo twitegereje Ivyanditswe, mu buryo bwacu bwo kuraba, bisa n'ibigumyecane. Ariko iyo tuvuyizako gato, dusanga Imana nyen'ubwenge bwose iba izi ivyoiba iriko irakora. Rero Irazi ingene ikora ibi bintu n'uburyo bwo gukorana n'umuntu.NiYo izi ibiri mu muntu. Ni Yo iba imuzi. Twebwe ntavyo tuba tuzi. Tubizi gusa muruhande rw'ubwenge. Ni Yo Izi vy'ukuri ibiba biri mur'uyo muntu.

Mose yavukiyekuri iyi si, ari umuhungu ufise ingabire. Yari yavukiye kuba umuvugishwa,umutabazi. Yari yavukanye ibikoresho muri we, nk'uko umuntu wese aza mw'isi avukanaivyo bikoresho, nk'uko nizera bimwe ntabanduka ukumenya kw'Imana kwo kuva kera, ukugenerwa ishikiro kwo kuva kera.

16 "Si kubera Imanaishaka yuko hagira umuntu n'umwe ahona, ahubwo n'uko bose boshika ku kwihana."Ariko, kubera ari Imana, Yategerezwa kumenya, kandi Irazi iherezo kuva muntango. Murabona? Ivyo nimba Itabizi, aho rero si Iyitagira iherezo; kandi nimbaifise aho igarukira, aho rero si Imana. Rero koko ntiyashaka yuko hagirauwuhona, ariko Yari izi uwuhonye n'uwuhonye. Ni na yo mpamvu, intego ubwayoyatumye Yesu aza kw'isi, kwari kurokora abo Imana, biciye mu kumenya kwayo kwokuva kera, Yabonye bashaka gukizwa, murabona, kubera isi yose yari yaciriwekw'iteka.Rero simbona ubundi buryo twoshobora kuvuyigishamwo atari ukumenya kw'Imana kwokuva kera, kandi Bibiliya ivuga mu buryo bweruye yuko Izi iherezo kuva muntango, kandi Irashobora kurivuga.

Kubw'ivyo,iyo a—abantu bagerageje kuba ikintu batari co, baba bariko barigāna gusa, kandibitebe bitebe bitebuke muzohinyuka. Ivyaha vyawe bica biguhamya. Ntushobora kubitwikira.Hariho igifukisho kimwe gusa c'icaha, ico na co ni Amaraso ya Yesu Kristo,kandi na yo ntashobora gushirwako kiretse Imana yaraguhamagaye uhereye kukuremwa kw'isi. Ico ni co Amaraso yamenewe; atari kuyasiribangisha ibirenge, kuyatyoza,kuyafyinatako, no kuyavuga nabi, n'ibindi. Hari kubw'intego itomoye. Ni vyo. Atarikuyakinisha, atari kuyigāna, mu kuvuga ngo ivyaha biratwikiriwe mu gihe bidatwikiriwe.Kandi nta muntu n'umwe ivyaha bishobora gutwikirwa kiretse izina ryiwe ryarashizwemuri ca Gitabu c'Ubugingo ca Wa Mwagazi w'Intama imbere y'ukuremwa kw'isi. Yesuubwiye yavuze ati: "Nta n'umwe ashobora kuza kuri Jewe Data atamukweze. Kandi abo Data yampaye bese," mu mwanya wa kahise,"bazonzako." Ukwo ni ukuri. Rero ntushobora gutuma aya Majambo abesha. Aring'aho kubw'Ukuri be no gukosora.

17 Nuko rero Mose yari yavukanye ingabire y'ukwizera; Mose yari afise ukwizeragahambaye. Ivyo turabibona, inyuma y'igihe gito, vyaragaragaye muri we. Kandi yariyavukiye mu muryango udasanzwe, nk'uko tuzi ukuntu se na nyina bakomoka mu muryangowa Lewi. Uwo, iyi nkuru hano, imbere y'ibi, mu Gitabu co Kuvayo, herekana muburyo bw'akaroruhore ubuzima bw'uyu muntu adasanzwe. Kandi yabaye umwe mu bantuba—bahambaye bo muri Bibiliya, kuko yari ikigereranyo c'Umwami Yesu mw'idon'ido.

Yavutse mw'ivuka ry'akabarore, nk'Umwami Yesu. Yavutse mu gihe c'uguhamwa, nk'UmwamiYesu. Yavukiye kuba umutabazi, nk'Umwami Yesu. Yanyegejwe n'ababyeyi biwe, kurey'umwansi, nk'Umwami Yesu. Kandi yaje mu gihe ciwe c'igikorwa, nk'Umwami Yesu.Yari umurongozi, nk'Umwami Yesu. Yari umuvugishwa, nk'Umwami Yesu. Kandi yariumuntu atanga ivyagezwe, nk'Umwami Yesu.

Hanyuma turabona kandi yuko yapfiriye ku Gitandara, hanyuma agategerezwakwongera kuzuka n'ibindi, kuko, inyuma y'imyaka amajana umunani yari ahagaze kuMusizi wo Gukayanganirako, aganira n'Umwami Yesu. Murabona? Abamarayika bacyebamujana. Nta n'umwe azi aho yahambwe. Mbere n'umurwanizi ntaho yamenye. Mu vy'ukuri,sinizera yuko yigeze ahambwa. Ni—nizera yuko Imana yacye imutwara, ka—kandi yapfiriye kuri ca Gitandara yari yarakurikiranye iminsi yose y'ubuzima bwiwe.

Rero yari ikigereranyo gitunganye ca Kristo. Yari umwami aganza abantu. Yariumutanzi w'ivyagezwe. Ya—yari uwazigama abantu. Yari vyose ivyo Kristo yari, muburyo bw'ikigereranyo.

18 Noneho rero, kubona yari yavukanye muri we izo ngabire zihambaye be n'izo ngesozamuranga, vyabaye ngombwa na none yuko hagira ikintu kanaka kirasira kur'ivyo,kugira ngo gishikane ico kintu ku Bugingo.

Murabona, mu bisanzwe Urubuto rw'Imana rwashizwe muri twebwe uhereye ku kuremwakw'isi. Kandi iyo uwo Muco urasiye ubwa mbere kuri urwo Rubuto, uca urushikanaku Bugingo, ariko uwo Muco utegerezwa kubanza kuza kur'urwo Rubuto ubwa mbere.

Nka kumwe maze kwigisha kenshi kuri wa mugore muto kw'iriba, kwa kuntu yariabayemwo. Nubwo yari umuntu azwi nabi, nubwo u—ubuzima bwiwe bwari bwarabayenabi, kandi akaba yari ameze ukwo kubera irya migenzo itari yarigeze imuhindura, ariko, nubwo vyari bimeze, igihe wa Muco wamurasirako ubwa mbere, ubwo nyene yahiseawumenya, kubera ko hari hariho ikintu kanaka ng'aho kugira ngo citabirize. "Iyo Ubwina buhamagaye ubundi Bwina," hategerezwa kubaho ahantu kanaka Ubwinabwo kwitaba uwo muhamagaro.

Rero Mose yari yavukiye kuba uyo muvugishwa, gusa aca akurira mw'ishuriry'ubwenge no mu kirimba kwa Farawo. Farawo Seti, uwo yakuze ari we atwara, yari umuntu yar'agifise ukwubaha, kandi yizera yuko Yosefu yari umuvugishwa w'Uhoraho. Ariko haza Rameze inyuma y'uwo Seti, rero Rameze ntiyitaho ivya Yosefu. Nonehorero, ingorane ziba zitanguriye aho, aho nyene, igihe hahaguruka Farawo atamenye Yosefu.

Ariko izi ngeso zihambaye, reka tuzivugeko gato, kandi, imbere yuko tugera mu gicenyamukuru c'igisomwa. Ndafise uburyo bw'akabarore bwo gufata umutwe w'icigwa, hanyuma nkawubakirako, kandi Umwami adufashe muri iki gitondo mu gihe tuwubakako.

19 Mose, yari yavukanye izi ngabire zihambaye z'ukwizera. Hanyuma, yahavuye asigwaamavuta maze ahabwa igikorwa kuri ca gisaka caka umuriro, kugira ngo abohore ihangary'Imana. Ubu rero, nimurabe izi ngeso uyu mugabo yari afite ingene zarizihambaye! Yari yavukiye ikintu kanaka. Imana yari ibifisemwo umugambi.

Imana irafise intego kubona muri hano. Murabona? Nimba ushobora kubagusa, gushika aho hantu, ingorane zingana iki muzigamwa n'Imana, na mwebweubwanyu.

Mose aravuka, hanyuma yari... maze ashikanwa aho yasigiwe amavuta. Kandi, nimurabe, Urubuto rwari aho hamwe n'intahuro y'ubwenge, hamwe n'ukwizera kwose yukoyavutse kugira ngo abohore aba bantu, yamara ntirwari bwigere rushika ku Bugingo gushika wa Muco wo ku gisaka caka umuriro urasiye kuri rwo; kugezaabonye, atari ikintu kanakayasomye, ahubwo ikintu kanaka yiboneye n'amaso yiwe; ikintu kanaka camuvugishije, na we aracishura. Ôo, mbega ukuntu ivyo vyashikanye ivyo bintu ku Bugingo!

20 Nibaza yuko ata mugabo hamwe n'u... canke umugore, umusore canke inkumi. Kandindibaza, mu ntahuro y'ubwenge y'ivyo biyumvira yuko Ijambo riri, n'ibindi, ntibigera bashobora na mba kugira urufatiro rwuzuye rushikamye kugeza bahuye n'urya Muco ushikana iryo Jambo kuba iry'ukuri.

46 Niyumvira yuko ata shengero mu bikorwa vyaryo, nubwo ryoba ari irinyabwenge n'irifiseishingiro uko bishoboka kwose, iryo shengero ntirishobora gutera imbere kugezaigihe ic'Indengakamere kimenyekanaye muri abo bantu, kandi bakakibona. Ikintu kanakabashobora kubwira, na Co kikabishura, cemeza iri Jambo ryanditse.

21 None rero mwibuke, igihe Mose yahura n'iki gisaka caka umuriro, iryo Jambo ryacyiyemezwa neza na neza. Ryari Ijambo. Mose ntiyategerezwa guhangayika, avuga ngo: "Iri jwi rivuga ibijanye n'iki? Uku Kubaho ni nyabaki hano?" Kubera ko, Imanayari yaramaze kwandika ku Vyanditswe, mw'Itanguriro, ngo: "Ihanga ryawe rizobamur'iki gihugu ari inyambukira, ariko bazogarukanwa inyuma y'imyaka amajanaane, bazogaruka muri iki gihugu, kubera ibigabitanyo vy'Abamori ntibiranengesera." Ubu rero, imyaka amajana n'amajana imbere y'aha, Imana yari yaravuze yuko Isirayeli izoba kandi igafatwa nabi mu gihugu c'inyambukira, kandi ko bomazeyo imyaka amajanaane. Ariko Imana yobakujeyo ukuboko kw'inkomezi. Rero, murabona, hamwe n'iki gisakacaka umuriro...

Ibi Mose yari abizi, mu buryo bw'ubwenge. Kandi rwa Rubuto yari yaravukanye muriwe, rwari rwibereye mu mutima wiwe. Kandi yaragerageje, akoresheje ikimenyamenyaciwe co mu buryo bw'ubwenge mw'Ijambo, a—a—agerageza kubakurayo, abarokore, kuko yari azi yuko iyo yari yavutse kubw'iyo ntego. Ivyo yari abizi ico gihe. Ivyanditswe vyose vyavugaga yuko bari bamazeyo imyaka amajana ane.

Nk'uko tubizi ubu, nk'uko umuntu umwe yambajije mu kanya gaheze, ku vyerekeye Ukuzahamwe n'Izamarwa. Turabizi. Twarabayeho igihe twahawe, igihe c'Izamarwakiregereje, kandi turiko turondera ukwizera kw'Izamarwa gushobora gukoraniriza Ishengero hamwe, hanyuma kurihe ubushobozi kanaka bw'indengakamere, bushoboraguhindura iyi mibiri tubamwo. Iyo tubonye Imana ishobora kuzura abapfuye mumukungugu canke barambaraye mbuga, ikamugarukana mu buzima ikongera ikamushikirizambere yacu, iyo tubonye Imana ishobora gufata kansere irya umuntu gushikaasigara ari agakankara, hanyuma ikamuhagurutsa kuba umuntu ufise amagara mezaakomeye, ivyo vyategerezwa guha abantu ukwizera kw'Izamarwa. Ivyo, igihe uwo Muco uzorasira mu kirere, hanyuma inzamba ikavuga, Umubiri wa Kristo uzohitaukoranirizwa hamwe, hanyuma uhindurwe mu kanya nk'ako gukubita urugohe uceuterurwa ujanwe mw'Ijuru. Egome, hategerezwa kubaho ikintu nk'ico kizoshika. Kandi amashure yacu ya tewolojiya ntashobora na mba kwamukamwo ivyo, nyamaramubwenge byose ni byiza. Ariko ugomba guhura nuwo mucyo! Ugomba kubona ico ikintu.

22 Rero hano Mose, yari yubakiye umuhamagaro wiwe uhambaye kw'Ijambo, kandi vyarivyiza, gushika aho ahura n'uwo Muco umunsi umwe, maze rya Jambo nyene ubwaryo ryivuganirana we. Uwo mwanya aba araronse isigwa ryiwe. Ivyo vyahaye isigwa ivyo yariafise muri we, ivyari imbere muri we, bi—bimwe vy'ubwenge yari yizeye, kwakwizera yari yashingiyeko ukwizera kwiwe mu Mana, kumwe kwari kwamutandukanijena nyina. Rero igihe yarasigwako mu Nyonga z'uwo Muco, vyacyiye biha isigwabimwe yari yizeye. Murabona? Mbega isigwa! Hanyuma aca ararungikwa ku gikorwa.

Noneho, turabizi, mu buryo bw'ubwenge yari yarumvirije nyina. Yari azi ivyari bigiyekuba, kandi yari azi yuko yari abayeho muri ico gihe nyene. Ariko hano yasanze yari yarananiwe, biryo ategerezwa kuba... ukwizera kwiwe gushobora kubakwaraganutse gato. Ariko rero, ageze kuri ca gisaka, Imana iravuga iti: "Numvise amaborogo y'abantu banje, none nibutse ivyo nasezeraniye ba sekuruza, Aburahamu, Isaka, na Yakobo, none ndamanutse." "Jewe," ngaho, iyo nii—insigarirazina, "Jewe ndamanutse kubabohora."

23 None ubu rero, kandi reka nongereko ibi nimba ari...Imana imbabarire nimba vyumvikanank'ukurogota. "Sinkorera kw'isi, kiretse nkoreshije umuntu gusa. Ni jewe muzabibu; namwe muri amashami. Kandi nivuga ubwanje gusa iyo nshoboye kuronka umuntu. Nonenaguhisemwo, kandi ndakurungitse ngo ubakureyo." Murabona? Noneho murabe: "Nzobanan'akanwa kawe, kandi nzo...hitana iyo nkoni."

Hanyuma Mose yishura ati: "Mbega ndashobora kubona ikimenyamenya cerekana yukoari Wewe untumye, kandi yuko wansize amavuta, kandi yuko ari Wewe ugiye gukoravyo bintu?"

Imubazaiti: "Ufise iki mu minwe?"

Nawe ati: "Inkoni."

Imubwiraati: "Yiterere hasi." Ica ihinduka inzoka. Aca ariruka.

Na yo iramubwira iti: "Yitore." Ica isubira kuba inkoni. Irongera imubwira iti: "Shira ibiganza vyawe mu gikiriza." Abikuyeyo, vyari vyashesheko imibembe. Abisubijeyo, bica birakira. Avuga...

24 Yarabonye ubwiza bw'Imana. Nta kindi kibazo cari gihari, kuri Mose. Mbegamwarabonye neza yuko atasubiye guhungira mu bugaragwa? Yari azi ko yasizwe amavuta. Yari azi aho, ivyo bintu vyose vyahozze biri mu mutima wiwe, iyo ngesozihambaye nziza, kandi ya... ubu rero yari asizwe. Ariteguye. Ariteguriyekugenda. Rero aca arikora yerekeza muri Egiputa.

Imana yari yavuze iti: "Nzobana nawe," rero i—ivyari birangiza ikibazo. Nimba, "Nzobana nawe," ivyo ni vyo Mose yetegerezwa kumenya vyonyene, kubw'uyumuhamagaro uhambaye wari mu mutima wiwe, none ubu rero Imana yari yavuze iti: "Nzobana nawe."

Kandi rero, Imana na yo yaremeza intuze yayo... ivyo Mose yavuga. Mose yavuze ati: "Narahuye n'Uhoraho. Na we ndababwire nti: 'NDIHO' ni we yantumye." Murabona?

Noneho bavuga bati: "Ehe umuntu, uwundi Muyuda, birashoboka ko ari umwemuri ba banyakaguma bagiye baza igihe cose bafise ubwoko bwose bw'integuro zokudukura mu buja." Murazi ingene abantu baba bameze iyo ari abaja, canke barimu buja kubw'imvo kanaka, buri gihe hama hariho ubwoko bw'abantu kanaka baza, murabizi, ngo babikore.

Rero Mose, Imana yasezeraniye Mose iti: "Nzobana nawe. Nzoba ndi muri wewe. Amajambo yanje azoba ayawe. Uzovuga Amajambo yanje uzovuge gusa ivyo mvuze."

25 Rero igihe Mose yamanuka akababwira ivy'uuyu muhamagaro, agahagarara imbere ya Farawo, yamubwiye ati: "Umwami Imana y'Abahaburayo yambwiye ati: Kurayo baryabana," yanka kubarekura, na we aca akorera ikimenyetso imbere y'abakuru na Farawo. Kandi ibimenyetso Imana yakoze: Yavuze ati: "Ubu rero, ejo, nk'ayamango, izuba rizocura umwiza, hazoba ubwirakabiri muri Egiputa yose," kandi vyagenze ukwo nyene neza na neza. Hanyuma avuga ati: "Ha—hagiye kuza insazi kuri ikigihugu," nuko aramvura inkoni yiwe ahamagara insazi, zica ziraza. Yaravugishijwe, kandi ivyo yavugishijwe vyose vyagenze ukwo nyene neza na neza. Yari Imana. Murabona?

26 Imana yari yaramuhamagaye kuva akivuka, imushiramwo ingeso z'ukwizera guhambaye, hanyuma ashika mu Nyonga zayo maze isiga amavuta ico kintu guhambaye cari muriwe, ica imurungikanayo Ijambo ryayo, rero yari afise ishingiro ry'ivyo yavuga. Nubwo hari abiganyi bangana gute bahagurutse, hamwe n'ibintu bingana gute vyabaye, Imana yariko ivugira... Mose yaradondowe. Mose, ivyo Mose yavuga, Imana yaravyubaha. Nshaka yuko mutazokwigera mwibagira iryo Jambo. Ivyo Mose yavuga, Imana yaravyubaha, kubera Ijambo ry'Imana ryari muri Mose. "Nzobana n'akanwa kawe; kazovuga ibintu vy'ukuri." Ubu rero, ivyo Imana ivuze—ivyari Imana ivuze, ibivugiye muri Mose, yaravyemeza, ikemeza ivyo yavuga.

27 Na none, yari yarabwiye na nyina wiwe, ivy'ukuvuka kwiwe gutangaje, n'ukuntuigiye cari hafi kwegera kw'isaha y'aho hategerezwa kubaho ugutabarwa. Amuramuna—na Yokebedi, abahungu n'umukobwa wa Lewi, batangura gusenga Imana ngo ibarungikire umutabazi. Kandi bisaba... iyo ubonye

igihe c'isezerano cegereje, bituma abantubasenga kandi babigirira inzara. Kandi ata nkeka ko—ko Yokebedi yariyaramubwiye kenshi, nyina wiwe; kuko yari umurezi wiwe na none, nk'uko tuzi iyonkuru. Rero yari yaramubwiye yuko yasenze. "Rero, Mose, igihe wavuka mwananje, wari umwana yari arindiriwe. Wari utandukanye. Hariho ikintu cabaye igihewavuka."

Nta gihe giheze narabishushanirije abana, nvuze nti: "Igihe Amuramu yari mu cumbaasenga, yabonye Umumarayika abanguye inkota ayirabishije mu Buraruko, amubwira ati: 'Uzoronka umwana, ni we azacana abana mu Buraruko abajanye mu gihugu c'isezerano.'" "Narahaye igicapo abana bato kugira ngo babitahure; ko ubwenge bwabo butarageraaho mwebwe abakuze mugeze, bushobora gutahura ibintu nk'uko Mpwmu Yera abibahishuriye.

28 Ubu rero, nubwo nyina wiwe yari yaramubwiye ivyo, hanyuma akaba yari abizi, ariko yari akeneye ukundi gukorwako. I—iyonyigisho yari nziza, ariko yariakeneye umubonano amaso mu yandi.

Ico ni co isi ikeneye uyu muni. Ico ni co ishengero rikeneye uyu muni. Ico nico umwe wese akeneye, abo ni abahungu n'abakobwa b'Imana. Kugira ngo ube ivyo, ukeneye umubonano amaso mu yandi n'ikintu kanaka, murabona. Nta kibazo, k'uzi ko Ijambo ari ukuri, urazi kw'ari ukuri; ariko rero iyo mubonanye, hanyuma ukabona ikintu kanaka gikorwa, aho rero uca umenya yuko uri mu nzira nziza. Murabona? Kandi, nimurabe, bizokwama na ntaryo bihuye n'Ivyanditswe. Bizohagarara nezan'Ivyanditswe, kubera ibi vyabaye.

Isengesho rya Amuramu ryari rihuye neza na neza n'Ivyanditswe. Amasengesho yaboyari ahuye n'Ijambo ryasezeranywe. Imana yari yasezeranye kubikora ico gihe. Barabisengeye, kandi hano haca havuka umwana yari arindiriwe. Kandi ba...

29 Nimwitegereze! Ôo, ese ukuntu ibi ndabikunda! Murabona, mu gihe Farawo yarikoarahonya abana bose, murabona, abamarisha uburyi bw'inkota, inkota y'abarinzi; ba—ba—barabicishainkota, imibiri yabo mito bakayigaburira ingona, kugeza igihe kumbure ingona zavuyibuhijwen'imibiri y'abana b'Abaheburayo. Ariko Bibiliya yavuze, ngo: "Aba bavyeyintibatinye itegeko rya Farawo ryo kwica abana." Ntibatinye. Ntibari bafiseubwoba, kuko ubwa mbere bwobwo bari babonye ikintu kanaka muri uru ruhinja. Barabibonye, yuko yari yo nyishu y'amasengesho yabo.

Rero Mose yari afise ivyo vyose nka kahise, nuko amenya yuko yari arungikiwe yantego nyene yo kubohora abana b'Isirayeli.

Murabona, kahise kose kari karundanye. Iyo uronse ikintu cose, hanyumaugashobora kukizana kuri Bibiliya, ukavuga uti: "Ibi bigiye gushika," hanyumabigaca bishika; "kandi uti ibi bigiye gushika kw'iki gihe," bigashika; "kandi ibi bigiye gushika muri iki gihe kanaka," ng'ivyo bikaba birashitse; noneho vyosebica birundanira hamwe hanyuma bikaduha igicapo.

30 Ôo, mbega ukuntu iri hema muri iki gitondo, mbega ukuntu twebwe abantu b'ikigihe, Mwene Data Neville, mu gihe tubona imvi ziseruka mu mushatsi, ibitugu vyacubikunama, iyo tubonye isi ihungabana kandi itigita uko imeze, mbega ukuntudushobora kuraba hirya no hino tukabona isezerano ryegereje! Ni, ni... Ndiyumvirakenshi, iyaba umuntu yari ashoboye guhita abisimbiramwo ubwo nyene, canke akabitahura, nako, agahita avyinjiramwo ubwo nyene, vyoca bibamijurira hafi mu Bihe Bidashira, nko kuzamura ikintu! Kandi ntiwonabimunya kandi gusa, yewe, uciyemu bintu twabonye, tukamenya tukanatauhura, hanyuma vyose ugaca ubisimbiramwo icarimwe. Umugabo, canke umugore, umusore, canke inkumi, kumbure boca bakiriza amaboko yabo bakavuga bati: "Reka tugende, Mwami Yesu," murabona. Ôo, mbega ukuntu ico gihe kiri hafi!

31 Mose azi yuko yavutse kubera iyo ntego, yitegereza acishije mu madirisha, abonaingene abo Baheburayo bari mu miruho; asubiza amaso inyuma hano mu Vyanditswe, naho hagira hati: "Kandi bazomarayo imyaka amajana ane," murabona, "ariko nzobakuzayoukuboko kw'inkomezi." Hanyuma agarutse, amaze kurungikwa, yasizwe amavuta, azi yukoyavukiye... Kandi ukwizera kwiwe kwaraba, kubwo kwizera yabonye abo bantu maze amenya yuko bari abana b'Imana, kubera isi—Ijambo ryabivuga. Ntibari ab'isi, kandi ntibari bameze nk'abandi. Bari batandukanye. Kandi bari abatangajen'abanyakaguma, ugereranije n'ubwiza buhebuje bwa Egiputa; na we yategerezwa kuba umuhungu wa Farawo, kugira aganze ubwo bwami, hanyuma. Ariko, we, hari hariho ikintu kanaka muri we, u—ukwizera kw'ukuri kutari guhanze amaso kuri ivyobintu, icubahiro yategerezwa kuzoragwa. Yaravye kw'isezerano ry'Imana, amenya yuko igihe cari cegereje. Kandi mbega ivyo uwo mugabo ategerezwa kuba yariyumviriye!

32 Nshaka kuzobimuganirizako, umunsi umwe, nitwahurira Hiyo ku rundi ruhanda. Urugira uti: "Uri umusazi, Mwene Data!" Ekaye, si ndi we. Tuzobonana, kubw'ubuntubw'Imana. Egome mushingantahe. Nzovugana na we, umunsi umwe, Mose ubwiye. Mbega ukuntu nari nipfuzwa kumubaza, ukuntu yiyumvise, igihe yabona imyiteguro yiwe!

Mbega umubabaro, umurwanizi yavugaga ngo: "Haa, abantu ntibazokwizera. Huh-uh. Nta kintu na kimwe kiri mur'ivyo."

33 Ariko igihe urwo Rubuto rwashika ku Buzima hariya ruguru, hari ikintu kanaka kikamukubita, yaciye amenya yuko hariho ikintu kanaka cari kigiye gushika. Yari abizi. Yaciyaraba kw'i—kw'isaha kugira abone aho igihe cari kigeze, kandi yarabimenye, mbegaukuntu ategerezwa kuba yariyumviriye igihe yitegereza! Rero amaze gushira hamweivyo vyose, ikintu gihambaye cose yabonye; igihe c'Ivyanditswe, isengesho rya sena nyina, kandi akaba yari yavutse mw'ivuka ridasanzwe, umwana w'akabarore. Kandi ico gihe cose, hategerezwa kuba hariho ikintu kanaka cari kimurimwo.

Hanyuma ubu rero aca akora ikosa agerageza kwiyumvira yuko yofata imyimenyerezoyiwe ya gisirikare yakuye mu mashure yize, akarokora abo bana, hanyuma ivyobica birananirwa.

Hanyuma aca aduga hiyo mu bugaragwa arongora u—umukobwa mwiza w'Umunyetyopiyakazi, bavyarana umuhungu muto yitwa Geshomu.

Hanyuma umunsi umwe, mu gihe yari aragiye umukuku, giturumbuka aza abona igisakacaka umuriro hejuru y'umusozozi, kiriko kiraka. Aca aradugayo. Kandi ntivyariivy'ubwenge, ntivyari ivyiyumviro vy'ibihimbano, ntivyari ukwigira akajuju, cankeukwihenda kw'amaso, ariko muri we... Hariho Imana ya Aburahamu, mw'uyo Muco, Inkingi y'Umuriro yari mw'ico gisaka, uwo Muriro, nk'umuvunda ukubebwa, arikontiwaherengeteza ico gisaka. Hanyuma Ijwi ry'Ivyanditswe, Ijwi ry'Imana, rivugiramuri ico gisaka riti: "Naraguhisemwo. Uri uwo muntu. Nakureze kubw'iyi ntego. Ndiko nkwereka hano, nkoresheje ibimenyetso, ugiye kumanukayo kubohora baryabana kuko Ijambo ryanje ritegerezwa gushitswa."

Ôo, Ijambo ryayo ry'uyu munsi ritegerezwa gushitswa. Turi mur'iyi isaha. Nubwouwundi muntu wese avuga iki, Ijambo ritegerezwa gushitswa. Amajuru n'isi bizovaho, ariko atari Ijambo ryayo.

34 Rero Mose amaze kwegeranya ivyo vyose, akabibona mu mpande zose, vyaciye bisigaamavuta ukwizera kwiwe. Amen! Ôo, bagenzi! Mbega icyumviro! Ibi, umuntu ubwiwe, ubwiwe abona Ivyanditswe vyerekana bitumbereye ku co vyari biri, hamwe n'ukuvugakw'Imana, hamwe n'ikimenyemena cavyo kir'aho, vyaciye bisiga amavuta ico ukwizerakwari muri kwari kugiye gukora.

Bikwiye kudukorera iki twebwe? Dukeneye ukwihana. Dukeneye umuvyuro. Ndikondivuga. Murabona? Nkeneye kunyuganzwa. Nkeneye ikintu kanaka. Navuze yuko narikondivuga ubwanje muri iki gitondo, canke kuri jewe. Nke—nke—nkeneye u—ugukangurwa.

81 Iyo niyumviriye kuri ico kimenyamena, ibintu vyose vyari ahagaragara mu buryobutunganye, vyaciye bisiga amavuta ukwizera kwa Mose. Kandi, bagenzi, yarabonyeyuko ata kintu na kimwe cari...

35 Hano, yari yahunze ava muri Egiputa, mu vy'ukuri, yari gushobora gutanguza ikirobericanke ikindi kintu, hanyuma agashobora guhaguruka agatanguza ivy'uguhinduraubutegetsu muri Egiputa, kandi yari gushobora gufata ingabo akarwana, ariko, murabona, kandi yari afise ibihumbi vyinshi ku ruhande rwiwe. Ariko aho kuba ivyo, yaranatinyagukora ivyo, anafise ingabo ku ruhande rwiwe.

Ariko ubu rero ng'uyu aragarutse, inyuma y'imyaka mirongo ine, afise imyakamirongo umunani, ata kinti afise atari inkoni mu minwe. Kubera iki? Icahozekirurumba mu mutima wiwe cari cabaye ic'ukuri. Ubwo rero yari asizwe amavuta, kandi yari azi yuko afise NI K'UHORAHO AGIZE. Aha nta kintu na kimwe carikumuhagarika. Nta ngabo yari akeneye. Imana yari kumwe na we. Ivyo vyonyene nivyo yari akeneye: Imana kumwe na we.

Ôo, iyo uzi ko Imana yagutumye gukora ikintu kanaka, hanyuma ukabona ibikorekahariya, nta— nta kintu na kimwe gishobora gufata ikibanza cavyo. Nta bindi.

36 Ndibuka igihe Umwami yambwira ibintu bimwe vyari bigiye kuba, hanyuma ndadugambona bir'aho, mbega... Ôo, mbega inyiyumvo! Ibintu biba bimaze kwifatirwa mumunwe, nta bindi, murabona, kuko Imana yabivuze.

Ndibuka, benshi mwebwe muravyibuka, ivyerekeye wa mwana muto yazuka hariya muri Finlande, maze azurwa mu bapfuye, yishwe agonzwe n'imodoka. Nanje narahagazeaho ku nkengeri y'ibarabara, ntangura kugenda negeru kure y'ahari uwo mwana, ndahindikira ndaba inyuma. Kandi ikintu kanaka kinshira ikiganza ku rutugu, ncanibaza yuko yari Mwene Data Moore, gusa nta muntu yari hafi yanje. Nsubijemaso inyuma, nca mbona wa musozozi nari nabonye. Nca nibwira nti: "Gusa, uwumusozozi ndawuzi ahantu kanaka, ariko ntitwaje gurtya. Twazananye mu bundi buryo. Uwo musozozi uri hehe?"

Nitegereje mbona iyo modoka hepfo, yashwanyaguritse; mbona nya mwana muto ng'ahohamwe na... arambaraye ng'aho n'umushatsi wiwe umoye agacube, nk'uko twovyitahano. Amaso yayarerembuye araba inyuma, nka kumwe kwa Mwene Data Way ejo bundi igiheyatamba. Kandi ikirenge gito ciwe cari casokotse mw'isogisi, aho amaguru yiwe yariyavunitse. Amaraso yariko azanana mu maso, mu mazuru, no mu matwi. Mbona agapantarokiwe kagufi; kambajwe ibipfungo mu gikenyerero; hamwe n'amasogisi yiwe maremare, nk'amwe maremare twahora twambara mu myakamyinshi iheze.

37 Hanyuma nitegereje hirya no hino, mbona bimeze neza na neza, mbona bimezenk'uko Mpwemu Yera

yari yarambwiye imyaka ibiri imbere y'aho, igihe mwewemwavyandika muri Bibiliya zanyu mu gihugu cose, yuko vyoshitse. Ôo, ng'ahorero, ibintu uba ubifise mu minwe. Nubwo yari kuba yapfuye gute, nubwo uwundiwese yovuze iki, byose biba vyarangiyeye. Ategerezwa kugaruka!

Navuze nti: "Uyu mwana natazuka mu bapfuye, aho rero nzoba ndi umuvugishwaw'ikinyoma, nzoba ndi umuserukizi w'Imana w'ikinyoma. Kubera ko, mu gihuguc'amamuko, mu myaka ibiri iheze, Yarambwiye yuko ibi vyoshitse. Kandi hariho hanoaba bakozi b'Imana, n'abandi bose, biranditswe ku mpapuro z'inyuma za Bibiliya zacu, none raba ng'igi neza na neza. Nimubisome ku mpapuro z'inyuma, ingene hobayeari mu gihugu kimwe c'ibitandara, n'ibindi, yapfuye, no kuri... ari ku ruhanderw'i buryo rw'ibarabara." Navuze nti: "Ni ibi. Nta kintu na kimwegishobora kubihagarika. Ukw'ibintu bimeze kwamaze kwifatirwa mu minwe."

Ukwizera kwari mu mutima wanjye kwaciye gusigwa. Ôo, ese iyaba ivyo nari shoboyekubisobanura gusa! Ukwizera ukwo Imana...nari mfise mu Mana, imwe Yavugana nanje, kandi ntivyigeze bihusha, Yambwiye iti: "Ubu ibintu biri musu y'ubutware. Ng'ibivyo nakweretse hashize imyaka ibiri, kandi ehe biri muri buryo neza na neza. Ikintuconyene uba ugomba gukora ni kuvuga ijambo." Kandi ako kana k'agahungu kaciye kazukamu bapfuye. Murabona?

38 Nariko ndiyumvira, nsubiza amaso inyuma kuri Mwene Data Fred Sothmann yicaye harya, hamwe na Mwene Data Banks Wood be na bo. Uwundi muni, hariya ruguru y'ibarabararikuru rija muri Alaska, ukuntu nahagaze hano kw'ishengero nkababwira mweseibijanye n'igikoko cagomba gusa n'impongo, c'uburebure bw'isantimetero ijana nazitanu, hamwe n'idubu isa n'ifeza. Sinari bwigere ndahashika imbere y'aho, n'ingeneivyo...nari ngiye kuronka ibi, n'ingene vyogenze, n'abobaye bari kumwe nanjeingene bobaye bangana, n'ukuntu bobaye bambaye. Murabizi, bumwe wese muri mwebwe, amayinga n'ayandi imbere yuko biba.

Hanyuma aho, igihe nimukirayo, ntabizi, ng'aho ico gikoko. Naragenze, ha—hanyumaa... ntivyashoboka. Nimba umuhigi yoba azi, canke yumviriza iyi bande, ukuntuudashobora kugenda utumbere igikoko mu maso, coca gitaruka kikiruka. Ariko arikococo ntavyo cakoze.

39 Kimanitse mu cumba canje nigiramwo. Aho haranamanitse ya dubu ifise uruhanderusa n'ifeza, neza na neza kwa kundi nyene. Iruhande hariho agapimisho, agapimishok'uburebure, kugira ngo vyerekane uburebure bw'amahembe yayo. Kandi ihembe rizogabanukavyibuze santimetero zitanu canke zirenga, iyo rikiri ribisi ku gikoko n'igihe ryumye, ariko iryo ryoryo ntiryigeze rigabanuka. Riracapima icentimetero ijana nazitanu. Murabona? Ku rundi ruhande hamanitse iyo dubu ifise uruhande rusan'ifeza, ifise uburebure bwa bw'imetero zibiri na santimetero cumi, neza na nezanyene, vyose neza na neza uko vyari bimeze, biri hariya n'aka kanya.

Ariko igihe uyu mugabo yambwira ati: "Noneho, raba, Mwene Data Branham, twabonye ca gikoko wavuze, ariko wambwiye yuko woronse idubu isa n'ifeza imberereyuko ugera musu y'umusozo, inyuma harya barya bahungu bari, harya hari urya w'ishatyi'icatsi kibisi."

40 Navuze nti: "UKU NI K'UHORAHO AGIZE. Imana yarabivuze."

Avuga ati: "Ariko, Mwene Data Branham," ndashobora kubona ibintu vyose hano, kubilometero, nta kintu na kimwe gihari. Iza kuva he?"

Navuze nti: "Jewe ntumbaze. Imana yarabivuze! Kandi ni Yehova-Yire. Irashobora kuzanaidubu harya. Iashobora kuyishira harya." Kandi Yarabikoze. Kandi iri hariya. Ukwoibintu bimeze kuba kwifatiwe mu minwe.

Rero Mose ahoamariye kubona yuko yari yarerewe iyo ntego, maze agahura imbonankubone n'iyi Mana ihambaye yari yamuhamagaye, ikamusiga amavuta ikamudondora, ikamubwiraiti: "Uyu ni wo muhamagaro wawe, Mose. Ndakurungitse, kandi ngiye kukwereka ubwizabwanje. Kandi ndi hano mu gisaka caka umuriro. Manuka hariya! Nzoba ndi kumwe nawe." Ntiyari akeneye n'inkoni. Yari afise Ijambo, Ijambo ryemejwe, nuko aragenda. Vyasize amavuta ukwizera kwari muri we.

Kandi bicabidusiga amavuta iyo tubonye yuko turi mu minsi y'iherezo, kubona binobimenyetso vyose tubona biriko birashika, bivugwa mu Vyanditswe, vyoshitse mu minsiy'iherezo; inzira yose kuva mw'Ijuru, ububasha bwa politiki, na kamere y'abantu, n'ukwononekara kw'ingeso kw'isi, hamwe no mu bagore, ingene bokwigenje mu minsiy'iherezo, n'ingene abagabo bokwigenje, n'ukuntu amashengero yokoze, ingeneibihugu vyokoze, ingene Imana yokoze. Kandi turabibona vyose ng'aho biduhanzeamaso.

Ôo, bicabisiga amavuta ukwizera kwacu. Bica bidushira mu rukurikirane rwacu ruhambaye. Murabona? Bibidutandukanya n'ibindi bintu vyose vy'isi. Murabona? Nubwo turibato gute, canke ukuntu turi inkehwa, ukuntu dutyozwa, tugacokorwa, nta nakimwe bihindura na gato. Ni ivyo gusa. Turabibona. Hariho ikintu kanaka muritwebwe. Twari twagenewe kuva kera kubona iki gihe, kandi nta kintu na kimwekizotubuza kubibona. Amen! Ng'iyi Imana yabivuze. Vyamaze gushika. Turabibona. Ôo, ese ukuntu dushimira Imana kubw'ivyo! Ôo, ikindi kandi, bica bishiraukwizera kwanyu ahabona iyo mubonye ibi bintu bishika hano.

41 Na none,turongera tugasoma ngo: "kuko Mose yiyumviriye yuko gucokoranwa na Kristo ariubutunzi burengeye itunga ryo muri Egiputa." Rero, yiyumviriye ugucokoranwa naKristo.

Ubu reromwibuke, "gucokoranwa na Kristo." Murabona, hariho ugucokorwa mu gukoreraKristo. Nimba uri rurangiranwa hamwe n'isi, aho rero ntushobora kumukorera,nturiko urakorera Kristo. Oya, ntavyo ushobora. Kubera murabona, hariho ugucokorwakujana na Vyo. Isi yama na ntaryo icokora.

Aho kera, mummyaka ibihumbi iheze, hariho ugucokorwa kwajana na Vyo. Kandi Mose rero mu vyokuba Farawo, ni we yari Farawo akurikira, umuhungu wa Farawo. Rero ni we yari Farawoakurikira, hamwe no gutonashwa mu bantu, yamara "yabonye yuko..." Yiyumviriye yuko bisobanura "yabonyeyuko." "Yabonye yuko gucokoranwa na Kristo ari ikintu gihambaye kuruta ivyoEgiputa yari ishoboye kumuha vyose." Egiputa yari mu biganza vyawe. Ariko,yamara, yari azi yuko kujana inzira ya Kristo kwari ugucokorwa, ariko yarianezerejwe cane no kumenya yuko hariho ikintu muri we, camuteye kwiyumvira kur'ukukwegera Kristo, nako yuko uku gucokoranwa Kristo kwari kurengeye ubwiza bwoseyari kuragwa. Yari afise iragi imbere muri we wari urengeye kure cane ivyo iragiryo hanze ryari ryamuhaye.

42 Ôo, eshamwe twoshobora kumera gurtyo uyu muni, tukareka Mpwemu Yera agasiga amavutaivyo dufise imbere muri twebwe, ukwo kwizera, bikadushikana u buzima bwubahaImana, bweguriwe Kristo!

Rero, hamwen'ukwizeka nka mwen'uku yari afise, yarabimenye, yiyumvira yuko ukwo gucokorwacari icubahiro.

Uyu muni,umuntu umwe arashobora kuvuga ati: "Hewe, wewe ur'uwo muri ba bandi, babantu?"

"Uh,uh, ereha, uh." Biraguteye isoni gato.

Ariko we yavyiyumviriye nk'ubutunzi buhambaye burengeye isi yose, kubera haryahariho ikintu kanaka mu mutima wiwe yari ashoboye kuvugisha, akavuga ati:"Egome, mpisemwo ibi. Iki ni icubahiro kirengeye. Nezerejwe n'uko ndi umwemuri." Murabona? "Nezerejwe no kwitwa Umuheburayo atari Umunyegiputa."

43 Uyu muni Abakristo bategerezwa kuvuga nk'ukwo nyene. "Nezerejwe kubona ndiUmukristo, nkirinda ivy'isi be n'umukorere w'isi. Atari nk'umunyanyiw'ishengero, ariko nk'Umukristo yavutse ubwa kabiri abayeho yisunzeIvyanditswe. N'ubwo n'abanyanywi b'ishengeri banyita 'umunyakaguma,' yamaraivyo ndavyiyumvira kw'ari ibihambaye kuruta aho nari kuba ndi rurangiranwamur'iki gisagara canke mur'iki gihugu. Mpisemwo kuba ivyo kuruta kuba Umukuruwa Amerika, canke umwami w'isi yose. Murabona? Ivyo mfata kwari ibihambayecane, kubera Imana mu mbabazi zayo, yabonye imbere y'ukuremwa kw'isi, hanyumainshiramwo Akabuto gatoya aho imbere, ku buryo ukwizera kwanje kwogurutsekukarengera ibi bintu vy'iyi si. None ubu Yarampamagaye, kandi mfashe ikibanzacanje."

44 Nk'uko Paulo yavuze, yafata igikorwa ciwe hamwe n'intuze yo hejuru...murabona,na, yewe, ico Imana yari yaramuhamagariye uherye mu kuba umwigisha ahambayenka Gamaliyeli. Ariko Paulo yari yahamagariwe kuba umuherezi kubwa Kristo.Murabona? Ubu rero na ico kintu nyene.

Nimurabe, hamwe n'ukwizera nk'uku, ntiyigeze yisunga ivyo yabonesha amaso, ivyoyari ashoboye kubona. Aha rero, nta kindi yabona atari abantu bekengeretse,abaja bari mw'ibohero, bama bicwa buri muni, bagakubitwa ibimoko, bagacokorwakubera ukuntu bari bizeye, bakitwa "abanyakaguma." Kandi aho hari Farawo yicayeku ntebe y'ubwami, uwo ata na kimwe yar'azi canke ata gize na kimwe yitaho kubijanye n'uburyo bwabo bw'ugusenga. Nta na kimwe yari abiziko. Yari umupagani,rero yaciye agira... Mbega igicapo c'ivy'uno muni! Ng'aho rero ubwoko bw'ugusengabutandukanye. None ni gute iyo uyu Mose, nubwo yari yicaye mu ntebe nk'umukuruw'igihugu, nako nk'umuntu ahambaye, Farawo, ngo afate ikibanza ciwe amaze gupfa,yari umutama ashaje. Yamara n'aho, Mose yiyumviriye yuko uwomuhamgaro... yaritegereje hanze, muri rya dirishe nyene Farawo yarabiramwo, kubereyari mu kirimba ciwe.

Farawo aritegereza, abona abo bantu bariko barazamura ibiganza, barafata ibimokobakabakubita kugeza gupfa babahora kubera baba bariko barasenga. Barabacishijeinkota kuko bananiwe, kutumvira igihe cose, bakabakoresha kugeza imibiri yaboishaje ihezemwo intege, bagaca babaha ivyo kurya vy'intica ntikiza. "Emwe,nta kindi bari co kireste akagwi k'abanyakaguma, ni nk'aho atari abantu."

45 Yamara Mose, ukwo kwizera muri, yarabitegereje, aca avuga ati: "Ni ihanga ry'Imanaryahezagiwe." Amen. Ivyo ndabikunda. Hamwe n'ukwizera nk'ukwo, amaso yiwentiyatwaye n'ubwiza bwa Egiputa, yatwawe n'isezerano y'Imana. Ijisho ryiwery'inkona ry'ukwizera ryabonye kure aharengeye ubwiza bwa Egiputa. We, mwibuke,yahindutse inkona ubu. Ni umuvugishwa, rero ijisho ryiwe ry'inkona ryararengeyeibyo bintu. Ôo, ese ukuntu ivyo ndabikunda! Huh! Bagenzi!

Ni kangahe muri iki gihe, uyu muni, Abakristo bisunga inzira-nyumviro zabo, bakisungan'ivyo bashobora kubona, canke ivyo bashobora gutahura, aho kwisunga ukwizerakwabo, mukisunga ivyo mubonesha amaso yawe hamwe n'ubwiza. Nka mwebwe abagore, ngumana ntaryo ndabavuga, ku vyerekeye yuko mutegerezwa kureka imishatsi yanyuigakura, ntimubwirizwa kwisiga amarangi,

mutegerezwa gukora nk'abakenyezi kandink'Abakristokazi. Muratereza ijisho mw'ibarabara mukabona abagore muri iki gihebambaye mu buryo bw'urushirasoni, emwe, mugaca mutangura kwiyumvira ngo: "Erega, ni umunyeshengero, kuki nanje birya ntashobora kubikora?" Murabona? "Kandiamwamba imishatsi yiwe, ku—kuki nanje birya ntashobora kubikora? Yemwe, asa nk'ahoaberewe kandi nk'incabwenge, ni igihagararo c'umuntu ntaranashikira. None gayemwe, kuki nanje ivyo ntashobora kubikora? Nategerezwa kubikora." Iyo ukoze ivyo, uba ukongataje ukwizera kwawe. Murabona? Ntuba uhayeye ukwizera kwawe amahirwe yogukura. Nimuhere kur'ivyo, nk'uko nabivuze.

46 Umuntu umwe yavuze ati: "Mwene Data Branham, igihugu, abantu, bagufatank'umuvugishwa. Ntiwategerezwa kuguma ukankamira abagore kur'ivyo, hamwen'abagabo kubera ivyo. Wewe, wategerezwa kuba uriko urabigisha ingenebavugishwa hamwe n'ingene boronka ingabire nyinshi."

Nca ndamubaza nti: "Ni gute nobigisha ibiharuro bivanze n'indome mu gihebatazi na ABC zabo?" Murabona?

Ubu rero nimuhere kur'ivyo nyene. Nimwisukure ku buryo uri hanze mw'ibarabara ubausa n'Umukristokazi, uko vyogenda kwose, murabona, kandi na none wifatenk'Umukristo. Murabona? Kandi ntushobora kuvyikorera wewe wenyene. Bisaba yuko Kristoakwinjiramwo. Kandi nimwa karya Kabuto kari aho imbere, uwo Muco niwakarasiroko, kazoca gashika ku Bugingo. Karamutsekadashitse ku Bugingo, nta kintu na kimwe kiba kiriyo co gushikana ku Bugingo. Kuberako, vyaragaragaye ku bandi bimwe ntabanduka, murabona, ako Kabuto gacagashika uwo Muco ukimara kukarasiroko.

47 Ukwo ni gukankamira abagore, ndabizi, ivyo birumvirizwa mur'iyi bande, nakobazovyumviriza. Ni kubakangira, Mushiki wacu. Vyategerezwa. Vyategerezwa kuba, kuko biravyerekana. Sinitayeho ivyo wakoze; ushobora kuba warabaye umunyediniubuzima bwawe bwose, ushobora kuba warabaye mw'ishengero, so wawe ashobora kuba ari umukozi w'Imana, canke umugabo wawe akaba ari umukozi w'Imana; ariko igihe cose utumvira I—Ijambo ry'Imana, vyerekana yuko ata Bugingo burimwo ng'aho. Iyobonye ikintu gishizwe ahabona, hamwe n'Ubugingo bwa Mpwemu Yera, murace murabaigihe buba burasiye ku bandi, muce muraba ivyo baca bakora, iyo babizaniwe, ntibitangaje...Kubera...?

Mbega ugukankamirwa kur'abo Bafarisayo, bamwe bita Yesu, mu gihe Yashoborakumenya ivyiyumviro vyabo, baciye bamwita "Beyezebuli."

Wa mumaraya muto we yavuze ati: "Erega, uyu Muntu ni We Mesiya. Ivyanditswebivuga yuko ibi ari vyo Azokora." Murabona, urwo Rubuto rwatoranijwe kuva kerarwari rwibereye aho. Kandi igihe uwo Muco warasira kuri rwo, rwacye ruza ku Bugingo. Ntushobora kurugumiza hasi. Ntushobora guhisha Ubugingo.

Urashobora gufata beto ukayisuka ku vyatsi, mu gihe c'ici iyo beto ica ivyica. Kumutasuro ukurikira, ubwo bwatsi ubusanga hehe? Usanga buri hirya no hirya ya yabeto. Kubera, izo mbuto ziba zirimwo imigera y'ubuzima musu y'iryo buye, iyo izuba ritanguye kurungika imishwarara, ntushobora kuzifata. Zizozunguruka hirya hino uce ubona ziserukanye i ruhande y'iryo hanyuma ziserure umutwe kubw'icubahiroc'Imana. Murabona, ntushobora kunyegera ubuzima. Iyo izuba rirasiye ku buzimabw'ibimera, bitegerezwa guca bibaho.

48 Kandi iyo Mpwemu Yera arasiye ku Buzima bw'Ivyanditswe buri mu muntu, bucabwama icamwa cabwo ng'aho. [Mwene Data Branham avugije urutoki—Umw.] Murabona?

Rero tutitayeho ingene uri imvugakuri n'inyankamugayo, uko uvuga ko utari we, hanyumaukabuga, ukavuga ngo ba...Aba bagore bambara izo mpuzu zidakwiriye be n'ibindihiyo hanze, utubindo gusa mw'ibarabara. Nubwo mutizera yuko atari vyo muba mukoze, ntushobora gutuma wizera. Urashobora kwerekana yuko uri umwere ku busambanyi, ariko, muri Gitabu c'Imana, uba uriko urasambana. Yesu yavuze ati: "Umuntu weseyitegereza umugore kugira ngo amwifuze, aba asambanye na we mu mutima wiwe." Kandi na we wigaragaje muri ubwo buryo. Murabona, ntushobora kubibona kiretseubwo Bugingo buri ng'aho.

Uritegereza uwundi muntu, ukihweza ukavuga uti: "Emwe, ndazi Mushiki wacu Jones. Mwene Data Jones ni... Ni umukozi w'Imana. Umugore wiwe akora ibi agakora na biriya."

Sinitayeho ico ivyo biriya bimara; Iri ni Ijambo. Yesu yavuze ati: "Ijambo ryose ry'umuntu niribe ikinyoma, hanyumairyanje ribe ukuri." Ni Bibiliya. Kandi iyo uwo Muco umurikiye urwo Rubutovy'ukuri, rutegerezwa guca ruza ku Bugingo. Rutegerezwa guca ruza ku Bugingo, nta bindi.

49 Rero, ijisho rihambaye rya Mose, ijisho ryiwe ry'inkona, ryaraba aharengayeubwiza bwa Egiputa.

Umukristo w'ukuri w'uwizera uyu muni, naho ishengero ryovuga iki, ico uwundimuntu wese avuga, iyo uwo Muco umuritse, bakabona kwa kwemeza nyene kw'Imana, irya Nkingi y'Umuriro iri hariya, hamwe n'ibimenyetson'utwumiza vyasezeranywe, Ivyanditswe biri muri vyo, bica biza ku Bugingo. Nubwo yaba ari muto gute, nubwo zoba ari inkehwa zingana gute, umugwi w'Imana wamyeigihe cose ari inkehwa. Murabona? "Ntimutinye busho buto, kuko Datavyamuhimbaye kubaha Ubwami." Murabona? Baca

babicakira. Imana itegekwa kubazanaibakuye mu madini yose, mu ntunganyo zose, ahantu hose, kugira ngo babone uwoMuco, nimba baragenewe Ubugingo.

50 Nimurabe umutama Simeyoni, yari yagenewe Ubugingo. Igihe Mesiya yaza murusengero, mw'ishusho y'Uruyoya ruri mu maboko ya nyina, Simeyoni, ari ahantukanaka inyuma mu cumba, ariko arasoma, Mpwemu Yera aca aramuhagurutsa, kukoyari arindiriyeye. Ubwo Bugingo bwari muri we. Yari yavuze ati: "Sinzopfantarabona Kristo w'Umwami." Hanyuma aho mu rusengero hariho Kristo w'Umwami. MpwemuYera yaciye amurongora amukura mu vyo yarimwo, arasohoka, aramanuka aca ngaho, atora uwo mwana, maze aravuga ati: "Reka umusavyi wawe yigire amahoro, kukoamaso yanje yiboneye agakiza kawe."

Aho nyene mu mfuluka hariho umutamakazi atakibona, yitwa Ana, uwo yakoreraUhoraho umurango n'ijoro. Na we nyene yari yaravuze imbere y'igihe, ati: "Mesiya agiye kuza. Ndashobora kumubona aje." Yamara, yari impumyi. Mw'uyumwanya nyene, igihe Yari ng'aho...Ubwo Bugingo buto bwari mur'uyo mutamakazi, bumwe bwari bwavuze imbere y'igihe buti: "Yoba Yashitse! Yoba Yashitse! YobaYashitse!" Ubwo nyene, ubwo Bugingo nyene, uwo Muco uca winjira mw'iyonyubako, mw'ishusho y'Uruyoya, rufatwa nk' "Umwana w'igitwarire," azingwiye mu vyahi azamw'iyonyubako. Ni ho Mpwemu Yera yaca arasira kw'uyo mutamakazi w'impumyi, maze aca aza arongowe na Mpwemu, anyuragira mu bantu, ashika kw'urwo Ruyoya, ahezagira nyina wiwe, ahezagira n'urwo Ruyoya, ababwira ico kazozo kiwekovuyemwo. Murabona? Yari yagenewe Ubugingo! Murabona?

Nimubarabe, nta na cumi na babiri babonetse nk'abo. Habayeho imishaha umunanigusa yarokotse mu gihe ca Nowa, hariho benshi cane, ariko abari bageneweUbugingo ico gihe barinjiye. Nimurabe ukuntu Mpwemu Yera akora muri buri gihe, arakwega abantu.

51 Rero turabona yuko ukwizera kwa Mose kwamurongoreye guhanga amaso ku vyobaye, atari ku vyabaye. Nimuhange amaso ejo hazoza mu gishingo c'uyu muni. Nimuhangeamaso isezerano aho kuraba ubwiza. Nimurabe iryo hanga aho aho kuba idini. Murabona? Ivyo Imana yarabikoze.

Loti yarashobora kubona ubwiza bw'iterambere muri Egiputa, nako muri Sodomu. Loti yashobora kubona uburyo bushoboka bwo kwirundaniriza amahera menshi. Lotiyarashobora kubona itara... uburyo bushoboka igihe yitegereza Sodomu, kandi kumbureyoshoboye kuzoba... Kubera ko yari Umuheburayo, yari gushobora kuba umuntu akomeyehariya, kuko yari umunyabwenge akomeye, akaba yari n'umwishwa wa Aburahamu, nuko ahitamwo kwerekeza i Sodomu. Ubwenge bwa Loti bwamurongoreye kubona ubwizabw'iterambere. Ubwenge bwa Loti bwamurongoreye kubona umugisha w'ubwiza. Ariko, ukwizera kwiwe kwaciye gukongatazwa cane na vyo, ntiyabonye umuriro wari ugiye gutongoraubuzima bwa mwen'ubwo bwoko.

Kandi ukwoni ko abantu bameze uyu muni. Barabona amahirwe ashoboka yo kuba mw'idinirihambaye, barabona amahirwe ashoboka yo kuronka uruhagararo rw'ikibano hamwen'abantu bo mu gisagara, ariko ntibabona amahirwe ashobo-... Ntibabona yukoukwizera kwabo guca gukongatara. Reka ivyo ndabisubiremwo kugira ngo ntibizebitahurwe nabi. Abagore uyu muni, bo, nkuko ndabivuga, ba—bashaka gukorank'abakinyi b'amareresi. Abagabo uyu muni bashaka gukora nk'abakinyi b'ibitebubaca ku mboneshakure.

52 Abavugabutumwauyu muni basa nk'aho bashaka guhindura amashengero yabo nk'ishirahamwerigezweho ry'ubwoko kanaka, kuba umunywanyani n'ibindi. Barabona amahirweashoboka kumbure yo kuba umwepisikopi canke umugenduzi mukuru, canke ikindikintu nk'ico, nimba bazojana n'ishengero; baca bareka Ivyanditswe, mu gihe bibabiri imbere y'amaso yabo, hamwe n'ukwemezwa n'Ubushobozi bw'Imana, hamwen'Ijambo rizima ry'Imana riba mu bantu. Yamara, ntaryo bashaka. Bavuga ngo: "Ntidushaka kwivanga n'ikintu mwen'Ico." Ryohava rituma baburaikarata yabo y'isangira. Ryohava rikuraho integuro zabo z'ikidini. Nubwo ariabagabo b'imvugakuri, nka Loti, bicaye muri Sodomu, bazi ko ari bibi. Murabona? Murabona? Baba bakoze iki iyo bakoze ivyo? Baba bakongataje ukwizera guto baribafise. Ntigushobora gukora.

53 Rero, Mose ivyo yarabiretse, hanyumaatuma ukwizera kwiwe gukongataza isi.

Mwo kimwe ukwizerakwawe kuzokongataza icubahiro, canke icubahiro kibe ari co gikongataza ukwizerakwawe. Ubu rero, utegerezwa gutamwo kimwe mw'ivyo bibiri. Kandi murabona yuko Bibiliyahinduka. Imana ntihinduka. Ni Imana idahinduka.

Noneho turabonauyu muni, yuko abantu b'iki gihe, murabona, bahanga amaso ibintu bikomeye, amadiniahambaye. "Ndi mw'ibi n'ibi." Murabona? Hanyuma baramanukahariya, kandi, muravye, ntaho baba batandukaniye n'abantu bo mw'ibarabara. Nta bindi. Baronka ubwenge bukeya ku kintu kanaka, bagacababandanya. Iyo uvuze ku gukiza indwara kw'Imana, Inkingi y'Umuriro, Umucow'Imana, baca bavuga ngo: "Ivyo ni ivyo wikuriye mu mutwe."

54 Umuntu umwe yaratoye ya foto ya wa Mumarayika w'Uhoraho, ejo bundi, umukozi w'Imanaw'Umubatiste, aca arayitwenga. Murabona, u—ukwo ni ukurogota. Murabona? Ntakubabarirwa

kur'ivyo.

Ivyo ni vyoYesu yavuze, murabona. Ni ukurogota; iyo ubonye Akora vya bikorwa nyene Kristoyakoze. Na We Yavuze...Igihe babona birya bikorwa muri Kristo, yari ca Kimazi, bacyebamwita "Beyezebuli, idayimoni," bamuhora kubera ko yariko arabikora. None ububavuga...Yavuze ati: "Ndakubabariye kubw'ivyo. Ariko Mpwemu Yera aho azoziragukora nk'ibi nyene, muvuze ijambo mumurwanya, ntimuzokwigera mubiharirwa, kuriyi si canke mw'isi izoza." Murabona? Ijambo rimwe gusa ni ryo ryonyene uvuga umurwanya.Murabona? Hanyuma aho rero...

Kubera ko, nimba ubwo Bugingo, nimba waragenewe Ubugingo Budashira, ubwo Buggingobwoca budubiza igihe ubibonye. Woca ubimenya, nka kumwe kwa wa mugore muto kw'iriba,ha—hamwe n'abandi batandukanye. Ariko nimba urwo Rubuto rutariyo, ntirushobora kuzaku Bugingo, kubera nta kintu na kimwe kiriyo co kuzana ku Bugingo. Nka kumwe maweyakunda kubivuga, ngo: "Ntushobora gukura amaraso mu bibogaboga vyitwatumurip," kuko ntayarimwo. Rero, ni nk'ivyo nyene.

55 Rero bica bikongataza ukwizera gukeya uba wari ufise. Loti yarashobora kubonaubwiza, ariko nta kwizera guhagije yari afise kugira ngo abone umuriro wotongoyebwo bwiza.

Ndabaza nimba ivyo atari vyo dufise uyu munsu. Ndabaza nimba twebwe, emwe, nk'ukuntuabagore bashaka kuba ba rurangiranwa, bashaka gukora nk'abandi bagore bose bo mw'ishengero,nimba babona ko bashaka gukora nk'abandi bose. Ba—bashobora kubona amahirwe ashobokayo kuba u—u—umugore mwiza, mu kwisiga amarangi. Bashobora kubona umugore mwiza agaragarank'uwukiri muto, mu kumwa imishatsi no gukora nka bamwe muri ba bandi, cankeumukinnyi w'amareresi. Ariko ndibaza nimba ivyo bitakongataje ukwizera kwabo, kuberako Bibiliya ivuga yuko, "umugore akora ivyo ni umugore atubaha..."kandi, "umugore yambara impuzu zigenewe umugabo, ni ikizira imberey'Imana," amapantalo n'ibindi, n'amabutura bambara. Kandi—kandi abantu barakomantayecane ku buryo ivyo bihinduka ibisanzwe kubikora. Ndabaza nimba mutabamukongataje kwa kwizera gukeya muba mwari mufise, ndetse no kuja mu rusengero, murabona.Ico ni co bica bikora.

56 Ivyo Loti yarabikoze, vyacyiye bimukongataza, binakongataza n'abantu biwehiy'epfo. Ntibari bashoboye kubibona.

Ariko Aburahamu, hamwe n'ukwizera kwemejwe, inarume, ntiyaravye ubwo bwiza, ntana hamwe yashika guhurira na bwo, nubwo yategerezwa kubaho bigoranye kandiakabaho ari wenyene. Kandi Sara yaba mu bugaragwa aho ubuzima bwari bugoye, ahagadutse.Ariko ntibabonye ubwiza canke amahirwe ashoboka yo kuba rurangiranwa.

144Sara ni we yari umugore mwiza cane yari ari muri kirya gihugu, Bibiliya ni yoyabivuze. Yari umunyakaranga cane, mwiza cane kurusha abandi bagore bose. Gusano ng'aho yagumanye n'umugabo wiwe kandi amwumvira, mbere akanamwita "umwamiwiwe," ni Bibiliya ibivuga, iramwisunga mw'Isezzerano Rishasha; aho ivuga iti: "Muri abakobwa biwe, igihe cose mwumviraukwo kwizera." Murabona, yita umugabo wiwe "umwami wiwe."

Hanyuma wa Mumarayika w'Uhoraho aragenda urusengero yabo be...nako ihema ryaborito hariya, aganira na bo. Nta n'inzu yo kubamwo bari bafise; baba ahantuhagadutse. Ng'ivyo rero. Murabona igihe congera gushushanywa, nkuko neza naneza nk'uko vyari bimeze ico gihe?

57 Rero, Mose hamwe n'ukwizera kwiwe guhambaye, na none, yari ashoboye kuvuga"oya" ku bintu vya none vy'isi ya none, maze ahitamwo neza. Yahisemwokwihanganira imibabaro n'ihanga ry'Imana. Yahisemwo kujana na ryo. Kubera iki?Ukwizera kwiwe! Yabonye isezzerano. Yabonye igihe c'iherezo. Yabonye hakurya ejohazozza, aca arareka ukwizera kwiwe gutwarwa n'ivyo. Kandi ntiyitayeho ivyoamaso yiwe yabona nk'amahiwe ashoboka hano, yuko yari Farawo kandi yuko yariagiye kuba Farawo. Yatereje amaso ejo hazoza.

Ôo, ese iyaba abantu boshoboye gukora ivyo gusa, ntibabonye isi ya none. Nimwahangaamaso isi ya none, muzoca muhitamwo mwisunze yo. Ivyo nimubihishe amaso yanyu, muhangeamaso isezzerano ry'Imana, inzira igana ejo hazoza.

Kubw' ukwizera kwiwe yarashoboye guhitamwo. Yahisemwo kwitwa umuhungu waAburahamu, yanka kwitwa umuhungu wa Farawo. Yabishoboye ate, mu gihe ubwamibwose...Egiputa yari yaranesheje isi. Yari umwami w'isi, kandi yari umusore w'imyakamirongo ine, ari aho yiteguriye gufata ingoma. Ariko ntiyigeze araba ku bweng...

58 Nimurabe abagore bari kuguma bari i ruhande yiwe, umunsi ku wundi, za ncorekezabo. Nimwitegereze ico cubahiro; kuvyagira akanwa vino, akirabira babatavyimvye imbere yiwe, igihe baba bariko baravyina, bamuhayagiza hamwen'i...Abagore baturutse ku mpande zose z'isi, ingori n'ubutunzi, ingabo ziwe zirihanze. Ikintu conyene yategerezwa gukora kwari kwicara akarya indya zizwe nziza,hanyuma akavuga ati: "Rungika... rungika umugwi w'ingabo iyi n'iyi kwa naka na naka, bafate kirya gihugu. Nibaza yuko ndagishakagusa." Ivyo ni vyo yategerezwa gukora vyonyene. Kuvyagira, hanyuma bakamurata,

agatamarirwa; abatamvyi beza cane bakundwa b'uwo muni, na we bakamunyweshya vino, bakamutamikainya, abagore bese beza bo kw'isi. Icubahiro cose cari gihari, cari ng'ahokimurindiye.

Ariko yakoze iki? Yaravye kure y'ivyo. Yari azi yuko hariho umuriro wari witeguyeubirindiye. Yari azi yuko urupfu rwari mu nzira. Murabona? Yari azi ko ar'ukovyari bimeze. Hanyuma yitegereza umugwi w'abantu bakengeretse kandi bateweakagere, maze kubwo kwizera ahitamwo gucokoranwa na Kristo, hanyuma yiyita ati: "Ndi umuhungu wa Aburahamu. Si ndi umuhungu w'uuyu Farawo. Nubwo mungiraumwepisikopi, canke umudiyakoni, canke musenyeri mukuru, canke papa, si ndiumuhungu w'ibi bintu. Ndi umuhungu wa Aburahamu, kandi nitandukanije n'ivy'isi." Amen, amen, kandi amen! Kubwo kwizera, ivyo yarabikoze!

59 Ico cubahiro yaciye agishiburira kure. Yafashe amahirwe ashoboka yo kubaumwepisikopi akurikira, afata a—amahirwe ashoboka yo kuba musenyeri mukuru akurikira, canke umugenduzi mukuru akurikira mu matora akurikira, canke ico vyari biricose, yaciye abishiburira kure. Yaranse kubikubitizako ijisho.

"Rero, nimara kuba umwepisikopi, nzokwinjira abantu bace bavuga bati: 'Data Mweranda, 'ca—canke 'Mwigisha naka,' ca—ca—ca—ca—canke 'Mutama naka.' Ukuntu bazobikora, abakozib'Imana bese mu gikorane, bazankubita ku rutugu, bavuge bati: 'Ee, muhungu, uwomuntu arafise ikintu kanaka, ndakubwiye. Ôo, shi-shi-shi, tekereza, ehe umwepisikopiaraje, urabona. Ico avuga, riba ari itegeko. Murabona, haje naka.'" Abantu bazogurukaisi bayimare kugira ngo babe...babone papa, basome ibirenge vyawe n'impeta, n'ibindi. Ni gute, mbega amahirwe ashoboka kuri Katolika, mbega amahirwe ashobokaku Baporoti, kuba umwepisikopi canke umugenduzi mukuru, canke ikindi kintu, umuntu kanaka ahambaye mw'idini.

Nimurabe, nubwo, ariko, murabona, ijishory'ukwizera riraba hejuru y'ivyo. Kandi uca ubona iherezo ryayo hiy'epfo, iryona ryo, n'uko Imana ivuga yuko ivyo bintu vyose bizokomvomvorwa. Ukwizera, iryojisho ry'inkona, rikuzamura hejuru y'ivyo, ukabona ejo hazoza, atari uyu muni, ugaca uhitamwo kwitwa umuhungu wa Aburahamu.

60 Farawo, ata kwizera kwizera afise, yabona abana b'Imana kw'ari "abanyakaguma." Atakwizera, yabagize abaja kuko atatinya ivyo yavuga. Ntiyatinya Imana. Yibaza yukoyari imana. Yibaza yuko i—imana ziwe yakorera, ko yari umwepisikopi, umugenduzimukuru, ngo imana ziwe ni zo zabikora. "Nta kintu na kimwe kiri mur'ivyo Bintung'aho," nuko abagira abaja. Yarabatwenze, arabacokora. Neza na neza nka kumweabantu babikoze uyu muni, ca kindi nyene neza na neza.

Ukwizera kwa Mose kwababonye mu gihugu c'isezerano, ihanga ryahezagiwe. Vyashoborakuba intambara itoroshe kugira ngo bashikire iryo sezerano, ariko Mose yahisemwokujana na bo. Ese ukuntu noshobora kurandira kuri ivyo, ariko umwanya wanjeuriko urahera. Murabona?

61 Nimurabe, birashobora kuba ibintu bigoye guhindura abo bantu. "Utegerezwa kujakubana na bo, utegerezwa kuba umwe muri bo, kandi basanzwe ari incabwenge ku buryoudashobora kubanyiganza. Murabona? Ariko hategerezwa kubaho ikintu kanaka kibahariya. Hategerezwa kubaho indengakamere yerekanwe imbere yabo. Bizoba ibintubigoye. Amadini azokwanka, kandi ibi vyose bizoshika. Bi—bi—birateye ubwoba, ivyoutegerezwa gukora, ariko yamara niwihitiremwo."

"Ndi umwe muri bo." Egome. Ivyo ukwizera kwiwe kwarabikoze. Ukwizera kwiwe kwaraturikijeamasase. Egome mushingantahe. Yarabibonye. Vyari bigoye kubashikama kuri iryosezerano, ariko yahisemwo kujana na bo, uko vyari biri kwose. Atitayeho ivyobari bamukoreye, n'ico bamwankiye, yaragiye n'ubwo bir'uko. Yarajanye na bo.

Ubu rero ndizere yuko murimo murasoma. Neza cane. Jana na bo, uko biri kwose. Gira, ba umwe muri bo, ni vyo, kuko ni inshingano zawe. Ishobora kuba intambara idasanzwe, n'ibintu vyinshi vyo gucamwo, ariko genda uko biri kwose.

62 Ariko ukwizera kwiwe kwamurongoreye guhitamwo Ijambo, atari ivyubahiro. Yafashe Ijambo. Ivyo ni vyo ukwizera kwa Mose kwakoze. Igihe ukwizera kwaraba kuruhande rubi rw'ivyo Imana...Mwibuke, ubu hano hari icubahiro, isi, ubukuru, umwami w'isi. Hanyuma abo Imana yari yarasezeraniye bari hehe? Mu mwobo w'ivyondo, mu vyondo.

Ariko igihe ukwizera, igihe ukwizera kwaraba ku ruhanda rubi rw'ivy'Imana, kwiyumviriyeyuko ari ibihambaye kandi bifise agaciro kuruta ivyiza vyose isi ishoborakwerekana. Egome mushingantahe. Iyo ukwizera kubiravye, iyo ukwizera gushoboyekubibona, iyo ukwizera mw'Ijambo gushoboye kubona Ijambo rigaragajwe, kuri bobiba birengeye ivyubahiro vyose hamwe n'ubwepisikopi bukuru n'ibindi vyoseushobora kuvuga. Ukwizera kurabikora. Murabona? Urashobora kubona ibibi, abasuzuguritse, abatewe akagere, ico bishobora kuba vyose; reka bibe ku bubibwavyo, gusa no ng'aho ukwizera kuzokwiyumvira yuko bifise agaciro kari hejuru cane ku bilometero amamiliyoni kuruta ivyiza isi ishobora gutanga. Amen! Ukwoni ko turirimba ya ndirimbo, ngo: "Nzajana inzira hamwe za nkehwa z'Umwamiz'abakengerwa." Murabona? Ôo, bagenzi!

63 Kubera ko, murabona, ukwizera kubona ivyo Imana ishaka gukora. Ôi, nizere yukoibi vyinjira. Ukwizera ntikuraba ku mwanya wa none. Ukwizera ntikubona hano. Ukwizera kuraba kugira ngo kuboneico Imana ishaka, kugaca gukora kwisunga ivyo. Ico ni co ukwizera gukora. Kurabaico Imana ishaka, n'ico Imana ishaka gukora, hanyuma ukwizera kugaca gukoreramuri ivyo.

Ukwizera ni iyerekwa ribona kure cane. Amaso yakwo ntagabanura ububasha bwokubona. Kuguma gutumbereye ku ntego. Amen! Umurashi wese mwiza ivyo arabizi. Murabona?Ivyo bibona ni ibiri ku buringanire burebure. Ni ni—ni telesikope. Siamadarubini abona aha hafi gusa. Amadarubini si yo mukoresha kugira ngo murabe amasaha;murabona, si yo mukoresha ivyo. Ariko mukoresha amadarubini kugira ngo mubonekure cane.

Kandi ukwizeragukora ivyo. Ukwizera guhitana amadarubini yompi y'Imana, kugafata ku mpandezompi, Isezerano Rishasha n'ira Kera, hanyuma kugaca kubona amasezerano yose Yatanze.Kandi ukwizera kubibonera kure, hanyuma kugaca guhitamwo ivyo kutitayeho ivyoibihe vya none bivuga hano. Kwokwokuraba kw'iherezo. Ntigutereza amaso ngo kurabe mw'uru ruhande. Kuraba hakurya. Kugumiza ijisho ritumbereye kw'Ijambo.Ico ni co ukwizera gukora. Ukwo ni kwo kwizera kuri mu muntu gukora ivyo bintu.

64 Ubu reronimurabe. Ivyo Farawo yita, uko yavyita, ivyo Farawo yita ibihambaye, Imana yavyita "ikizira!" Farawo yarashoborakuvuga ati: "Raba hano Mose, erega, ni wewe Farawo akurikira. Nzogusigiraiyi nyoboza y'ubwami ninagenda. Nzoyitanga. Ni iyawe. Urabona? Rero ibi,birahambaye. Ugiye kuba umuntu ahambaye, Mose. Ugiye kuba umwepisikopi. Ugiyekuba ibi, birya, canke biriya. Ntutuvemwo.Guma ng'aha." Ariko, murabona, ivyo yavyita ibihambaye, Imana na Yo ikavugayuko cari "ikizira!"

Ubu reromwebwe bagore, nimwiyumvire umunota umwe, na mwebwe bagabo. Ivyo isi yitaibikomeye, Imana ivyita "umwanda." Mbega si Bibiliya ivuga ngo:"Ni ikizira ku mugore kwambara impuzu ijanye n'umugabo"? Hanyumamukiyumvira ngo mufise ubwenge mubikoze. Murabona? Muba muriko mwanikiraimibiri y'abagore imbere y'abadayimoni, nta bindi. Rero ntimukabikore.

Hanyuma namwe bagabo mubayeho mukimbukira ivy'iyi si, muvyiruka inyuma kandimubikunda! Namwe bagabo mutagira ubutwari buhagije kuri mwebwe kugira ngo mubuzeabagore banyu bareke gukora ivyo, murateye isoni! Hanyuma mukiyita abanab'Imana? Kuri jewe musa nk'Abanyesodomu. Murabona? Si kugira ngo mbabaze inyiyumvozanyu, ahubwo ni kubabwiza Ukuri. Urukundo rurakosora. Ni ko rumeze buri gihe.Umuvyeyi atitwararika umwana wiwe, ngo amukosore yongere amukubiteakamwafumwafu, amushikane ku kwumvira, ntaba ariko amubera umuvyeyi mwiza. Ni vyo.

65 Noneho, nimurabe ibiba ubu rero. Ibi Mose yabiboneye mw'iyerekwa ryiwe. Farawona we yavuga ati: "Ibi birahambaye."Imana na yo iti: "Ni ikizira." Imana rero...Mose yahisemwo ivyo Imana yavuga.

Ubu rero nimurabe, ukwizera kubona ico Imana ishaka ko ubona. Murabona? Ukwizerakubona ivyo Imana ibona.

Hanyuma kwibazabaza hamwe n'inzira-nyumviro bibona ivyo isi ishaka ko ubona. Nimurabekwibazabaza: "Erega, ni inzira-nyumviro z'ikiremwa-muntu gusa. Ni gusa—nikubera gusa ibi...ibi ari...None, ibi si vyiza?" Murabona? Neza na neza, iyo ukoreshejeizo nzira-nyumviro na zo zikaba zinyuranye n'Ijambo, murabona, noneho ivyo ni vyoyisi ishaka ko ubona.

Ariko ukwizera ntiguhanga amaso kw'ivyo. Ukwizera guhanga amaso ku vyo Imanayavuze. Murabona? Murazi, ivyo kwibazabaza muca mubicuranguza.

66 Ivyiyumviro, inzira-nyumviro y'ukwibazabaza, ibona ivyo isi ishaka ko ubona: idinirinini. Mbega, uri Umukristo?

"Ôo,ndi—ndi Umuperesipiteriyano, Umumetodiste, Umuluteriyano, Umupentekote, n'ibindi.Ndi ibi, birya canke biriya, urabona."

Izoni inzira-nyumviro.

"Ndi uwo mw'ishengero rya mbere, urabona. Ôo,ndi Umukatolika. Ndi ibi, birya canke biriya, urabona."

Ivyourabivuze. Ariko rero ivyo, ni inzira-nyumviro. Ukunda kuvuga ivyo kubera ariidini, ikintu kanaka kinini.

"Erega,twe—twe—twebwe dufise abayoboke benshi, hafi kuruta ishengero iryo ari ryoryose ryo kw'isi, urabona. Twebwe..."

Ariko hariho Ishengero rimwe rudende ry'ukuri, kandi ryoryo ntiwifatanya naryo. Urivukiramwo. Murabona? Kandi nimba wavukiye muri ryo, Imana nzima ikoreraubwayo muri wewe, ikimenyekanisha. Murabona? Aho ni ho Imana iba, mw' Ishengeroryayo. Imana ija kw'Ishengero buri muni, gusa iba

mw'Ishengero. Iba muri wewe. Uri Urusengero rwayo. Muri Urusengero rwayo. Uri Urusago Imana ibamwo. Uri Urusengero rw'Imana nzima, wewe ubwawe. Kandi nimba Imana nzima iba mu kiremwasayo kizima, aho rero ibikorwa vyawe ni ivy'Imana; nimba atari uko bimeze, ahorero Imana ntayirimwo ng'aho. Ntiyogutuma ukora urtyo, iyo Ivuze mw'Ijambohano, mu ndome zayo ziri ku mpapuro, ikavuga igi: "Ntubikore," hanyumaugaca uja kubikora. Murabona, ivyo ni bibi. Iyo ubihakanye, aho rero ivyo bica vyerekanayuko bwa Bugingo butari no muri wewe. Murabona? Ni vyo.

67 Ukwizera kwarongoreye Mose mu nzira yo kwumvira. Nimurabe, Mose agira...Hano hari Farawo akiri muto, hakabaho na Mose akiri muto, abo bompiki bafise amahirwe. Moseyabonye gucokorwa kwa barya bantu, yiyumvira yuko ivyo ubutunzi burengeye ivyo Egiputa yari itunze vyose. Rero we, arongowe n'ukwizera, yakurikije ivyo ukwizerakwiye kwavuga mw'Ijambo, kandi kwamurongoreye mu nzira yo kwumvira, hanyumaamahereze yerekeza mu Bwiza, ubutagipfa, aho atazokwigerera apfa, mu Nyonga z'Imana. Kurabisha amaso hamwe n'inzira-nyumviro, vyarongoreye...hamwe n'icubahiro, vyarongoreye Farawo ku rupfu rwiye, no gukomvomvoka kwa Egiputa, igihugu ciwe, kandi ntigizegaruka kuva icyo gihe.

68 Ng'ivyo rero. Uhanze amaso ibi, urapfa. Uhanze amaso Biryu, urabaho. Ubu rero nimwihitiremwo. Ico nyene ni co Imana yashize imbere ya Adamu na Eva, mw'itongo rya Edeni. Murabona? Kubwokwizera, utegerezwa guhitamwo.

Ubu rero nimwitegereze, kurabisha amaso kwarongoreye Farawo ku rupfu rwiye, noku guseniyuka kw'igisagara ciwe.

Mose, hamwe n'ukwizera kwiye, ntiyigeze atinya Farawo. Murabona? Ntiyitayeho ivyo Farawo yavugaga. Ntiyitayeho Farawo, kumwe nyene nyina wiye na se wiye batatinye iterabwobaryabo. Igihe yemezwa kuri Mose, akaba ari we muntu yari agiye kurokora Egiputa...nako gukura Isirayeli muri Egiputa, ntiyigeze yitaho ivyo Farawo yavugaga. Ntiyamutinye. Amen, amen, amen! Urabona icyo nshaka kuvugaga?

Nta bwoba buba mu kwizera. Ukwizera kurabizi. Ukwizera, nkuko nkunze kubivugaga, gufiseimitsi minini-minini, n'ivyoya ku gikiriza. Ukwizera kuvuze kuti: "Hora!" bosebaca bahora. Nta bindi. "Nzi aho mpagaze!"

Abasigayebavugaga ngo: "Erega, noneho, kumbure arabikora." Murabona?

Ariko utegerezwa guhaguruka ukerekanaimitsi yawe. Nta bindi. Ukwizera kurabikora.

69 Nimurabe, Mose ntiyigeze atinya Farawo inyuma y'aho Imana yemereje umuhamagarowiye. Igihe Mose yizera ko icyo ari cyo yari yarahamagariye, ariko igihe Imanayamubwira hariya ruguru itari: "Ni ko biri," hanyuma akamanuka akavyerekanaimbere ya Farawo, n'imbere y'abandi bese, yuko yari yarungikiye kubikora, Mosentiyegeze atinya Farawo.

Nimurabe, Farawo yakoresheje ubwenge bwiye kuri Mose, ngo ng'aho. Nimwitegereze. Yavuze ati: "Ndakubwire ikintu, turahana amasezerano." Vya vyago bimaze bimaze kumugeseza, yavuze ati: "Turahaba amasezerano. Nimugende gusenga gato, iminsi itatu. Gusantimushike kure." Ariko, murazi, ...Izo zari inzira-nyumviro za Farawo zamubwira ivyo, murabona, ngo: "Gusa ntumuje kure."

Mbega nta mwen'ivyo dufise uyu muni? "Ni wifatanya n'ishengero, bizoba bihaye."

70 Ariko, murazi, ukwizera Mose yari afise ntikwizegekwe mpera ivyo vy'ugusenga "utagera kure". Yavuze ati: "Twese turagiye. Turagiye kugeza dushitse kw'iherezo." Ni vyo. "Tugiye mu gihugu c'isezerano. Ntituvuyeng'aho ngo duce tugira idini, hanyuma ngo duce tugarukira aho. Tuzokomeza." Amen. "Ngiye mu gihugu c'isezerano. Imana yarakidusezeraniye."

Ni ba Farawo bangahe dufise uyu muni bahagaze ku gicaniro, abayobozi b'amadini! "Noneho, niwakora ibi gusa, ugakora nabiriya, bizoba bihaye. Noneho, raba, ntakugera kure."

Ariko Mose yavuze ati: "Oya, oya! Oya, oya! Oya, oya!" Murabona?

Farawo yavugaga ati: "Kuki, kubera iki? Nimba mugiyeye kugira ubwo bwokobw'ugusenga, reka ndababwire ingene mubigenza: Wewe n'abakuru nimugende gusenga, urabona. Nabe ari wewe n'abakuru muja gusenga gusa. Kubera, mwese murashoborakugira ubwo bwoko bw'ugusenga, ariko ntimubijane mu bantu."

71 Urazi ivyo Mose yavuze? "Nta n'ikinono tuzosiga. Turagiye kugeza dushitse kw'iherezo. Tugenda twese! Singenda batagiye. Kandi, igihe cose ndi hano, ndiku biganza vyawe." Amen. "Singenda nimba na bo badashobora kugenda, kandini ivyo gusa." Ôô, mbega umusavyi w'intwari! Amen. "Nshaka kubajana. Gusakubera ko mfise ibi, nkicara nkavugaga ngo: 'Erega ubu, ibi nta kibazo?' Oya, mushingantahe. Dushaka n'abo bantu. Tweseturagenda." Amen. Yavuze ati: "N'intama zose ntazo dusiga, canke ikindi kintu cose, ntitugisiga inyuma. Nta n'ikinono dusiga. Twese tugiye mu gihugu c'isezerano." Amen!

"Buri wese muri twebwewe! Waba uri umukobwa w'umukozzi wo mu nzu, waba uri u—umujamuto, canke

waba uri umutamakazi, canke umusore, canke umutama, canke uwundiwese, turagenda, uko biri kwose. Nta n'umwe muri twebwese asigara." Amen. "Buriwese muri twebwese aragenda, kandi nta kimwe kizoduhagarika." Nivyo. Bagenzi! Abo basenzi bari mu mpari koko, si vyo? Ôo, bagenzi!

Oya, Mose ntiyizeraubwo bwoko bw'ugusenga "ata kugera kure". Oya, ivyo ntavyo yizera. Huh-uh. Egome mushingantahe. Ôo, bagenzi!

Ivyotwoshobora kubimarako umunsi wose, ariko ntegerezwa gushika ku mutwe w'icigwacanje inyuma y'akanya hanyuma ntangure kuvuga ubutumwa.

72 Nimurabe, ibi nimubirabe, mbega ukuntu ari vyiza! Ôo, ibi ndabikunze. Murazi, amaherezo, Farawo avuga ati: "Nimugende!" Imana yaramukubise ivyago, ikoreshejejiwi rya Mose. Yarakubise ibintu vyose. Yarakoreyeyo ibintu vyose vyategerezwagukorwa. Yarahagaritse i...yaratumye izuba ricura umwiza, umurango ugeze hagati. Yarakoze n'ibindi vyose. Ya—yarateje ubwirakabiri. Yaratumye haza ibikere, imbaragasa, inyo, n'ibindi vyose, umuriro, gupfunduka kw'umwotsi, n'urupfu mu miryango yiwe, n'ibindi vyose. Yarakoze ibintu vyose gushika aho vyakabaye kera, Farawo yategerejwekuvuga ati: "Nimugende! Nimufate ivyanyuvyose mugense." Ôo, bagenzi! Imana ishimwe!

Ndanezerejwe cane no kubona umuntu ashobora gukorera Imana mu buryo bwuzuyekugeza aho umurwanizi abura ico amukoza. Ukwo ni ukuri. Kwumvira Imana gusa muburyo bwuzuye gushik'aho umurwanizi avuga ati: "Ôo! hemwe, nimumvireho! Sinshakakwongera kuvyumva ukundi." Ni vyo. Murashobora kubikora, mu buryo bwuzuye.

73 Ubu rero murabe, iyo Imana itaza kuba yarashigikiye Mose, bari kumutwenga. Ariko Imana yari aho, ivyemeza. Ico yavuga cose, carashika.

Kandi Farawo yategerezwa kuguma mu kibanza ciwe, kubera ko yari umwepisikopi, murabizi, rero ya—yategerezwa kuguma hariya. Ntiyari ashoboye guhakana. Ntiyari ashoboyekuvuga oya, kuko vyari vyamaze kuba. Murabona? Nti—ntiyari ashoboye kubihakana, kubera ko vyari vyamaze kuba. Amaherezo rero avuga ati: "Hemwe, nimugende! Sinshaka kwongera kuvyumva ukundi. Mviraho! Nimufate ivyanyuvyose, mugende!" Ôo, bagenzi!

74 Ubu rero turabona Mose, hano, Imana imaze kumukorera vyinshi cane, imaze kumwerekabimenyetso vyinshi cane n'utwumiza. Ubu rero, mu minotacumi n'itanu iri imbere, reka guhagarara hano. Kandi mukurikirane mu bwitonzi tangere. Mose agera aha hantu aho...

Imana yariyaravuze iti: "Ndi kumwe nawe. Amajambo yawe azoba ari Ijambo ryanje. Nabikugaragarije, Mose. Wewe, igihe ata nsazi zari mu gihugu, nticari co gihe, uvuga uti: 'Nihabehoinsazi,' hanyuma insazi zibaho." Iryo ni irema. Ni nde ashobora gutuma hazabwirakabiri kw'isi, atari Imana? Yavuze ati: "Nihabeho ubwirakabiri," ubwirakabiribuca buraza. "Wavuze uti: 'Nihaze ibikere,' gushika aho vyinjira no mu nzu ya Farawo, mu bitanda, kugera aho babirundanya mu birundo binini-binini." Umuremyi! "Kandi navugiye muri wewe, Mose, natumye Ijambo ryanje rirema biciye mu kanwa kawe. Mu bisanzwe nakugize imana imbere ya Farawo." Egomemushingantahe. "Ibi vyose narabikoze."

Hanyuma hano bashika ahantu, haza ikigeragezo gito, maze Mose atangura gutakambaavuga ati: "Ndabigenza nte?"

75 Nshaka yuko mubibona. Iki ni icigwa gikomeme hano. Ibi ndabikunda, murabona. Murabona, Mose, nimba twasomye neza hano, yuko Mo-...Aho barya bana batanguriye kugiraubwoba, babonye Farawo yabomye inyuma, bari mu gikorwa c'ivyo bari bashinzwe.

Imana yari yarakoze ibintu vyose mu buryo butunganye. Uburero ibatanguza urugendo rwabo. Yashize ishengeru hamwe. Bari bahamagawe. Bari bavuye mu madini yose. Bose bari bakoraniye hamwe. Aho rero Mose aca arasubiranyuma, avuga ati: "Mwami, ngire nte?"

Yovuze ati: "Erega, gira uku." Neza cane, bandanya. "None, Mose, urazi yuko naguhamagariye gukora ivyo."

"Egome, Mwami."

"Neza cane, nakubwiyeugende uvuge ibi, hanyuma biraba," hazainsazi. "Vuga habe ibi," hanyumabiraba. "Kora ibi," birakoreka. Vyose vyari NI K'UHORAHO AGIZE, NI K'UHORAHO AGIZE, NI K'UHORAHO AGIZE! Ubu rero aca agwa mu ngorane...

76 Imanairavuga iti: "Ubu rero nabatanguje urugendo rwabo. Bose bamazeguhamagarirwa gusohoka. Ishengeru riri hamwe, nabashikanye mu rugendo rwabo. Rero Mose, barongore. Narabikubwiye. Ngije kwicaranduhuke gato."

Mose ati: "Ô Uhoraho we, ehe Farawo araje! Abantubose bara...Ngire nte? Ngire nte?" Nimurabe ng'aho, mbega ivyo si vyo vyakiremwa-muntu gusa? Egome mushingantahe. Atangura kuboroga ngo:

“Ndabigenza nte?”

Hanoturabona Mose mu buryo butomoye, yuzuye kamere muntu, igihe cose wama ushaka koImana iguhagarara inyuma hanyuma ikabigusunikiramwo. Abo rero ni ba twebwe uyu munsu. Dushaka Imana, tumaze kubona ivyotwabonye vyose, no ng'aho mugashaka ko Imana aba ari yo igusunikira gukoraikintu. Murabona?

Mose yariamaze gucobogora, avuga ati: “Mana, ngiye kukubaza, ndabe ico uvuga. Egome, egome, Bivuge. Emwe, aho bizob ari vyiza, nanje nca ndabivuga.” Murabona?

Ariko hanoImana yari yaramugenye kubw'ico gikorwa, Irerekana yuko Yari kumwe na we. Hariakiri aha, haduka ibintu, aca atangura kuboroga ati: “Ngire nte? Mwami, nkoreiki?”

77 Ubu reromuribuka, yari yaramaze kuvugishwa hano, kuko yavuze ati: “Aba Banyegiputamubona uyu munsu, ntimuzongera kubabona ukundi.” Hanyuma ubwo nyene acaatangura kuboroga, ngo: “Mana, ngire nte?” Murabona? Amaze gukora igikorwa cizacane mu kuvugishwa hariya. Murabona, yari ahejeje kubabwira ivyagira bishike. Nimba Ijambo ry'Imana ryari muri we, ryari muri wekoko. Kandi aho yavugaga ivyoye, mu vy'ukuri vyarashitse. Ivyo yari avuze vyaribigiye gushika, none hano yariko aratakamba ati: “Ndabigenza gute?”

Ôo, nimba uko atari ko abantu bameze! Nimba atari ko meze! Nimba uwo atarijewe! Murabona?

Yari yaramaze kwemeze iti: “Ivyo uvuga bizoshika. Ndi kumwe nawe. ”

Hano rero haca haduka ibintu mw'ako kanya. “Ndabikika gute? Nkore iki, Mwami? Hewe, Mwami, Uri hehe? Hewe, uranyumva? Nkore iki?” Kandi Yari Yaramaze kumugena, no kumwemeza, iragaragaza kandi Ikorera vyose muri we. Hanyuma hano, ngo: “Mana?” Ôo, bagenzi! Ibi biravyerekana neza, umuntu ashaka kwiruhukira, areke Imana abe ari Yoibisunika.

78 Yamarang'aho, yari azi ko Imana yamusize amavuta kubw'ico gikorwa, ngw'agikore, kandiImana yari yaremeje mu buryo butomoye ivyoye. Igihe cari kigeze ngo abantubabohorwe. Imana, biciye mu bitangaza n'utwumiza vyayo, yari yarabakoranijemu mugwi umwe. Muriko murankurikira? Yarabashikanye kuba umugwi umwe, Yemeza ivyoye. Ivyanditswe birabivuga; iki cari ikimenyetso, iki cari ikimenyamenyahano, ivyoye yavugaga vyose. Rero aza muri nk'umuvugishwa. Igihe cose, ivyoye yavugaga vyose, Imana yaravyubaha, ndetse no kurema insazi zikaza, atuma ibintu bibaho. Kandi ivyoye Yari Yaramusezeraniye vyose, Yarabikoze.

Arikoyashaka kurindira NI K'UHORAHO AGIZE. Murabona? Yari akwiye kumenya yuko kwakwemezwa nyene kw'urya muhamagaro wiwe yari NI K'UHORAHO AGIZE. Igikorwa yariyagenewe cari NI K'UHORAHO AGIZE. Ivyo murashobora kubibona? Hmm! Kuki yarindiriyeye NI K'UHORAHO AGIZE?

79 Yashaka: “Mwami, nkore iki? Nshikanye banobana hano, tugeze aha. Ng'ibi ibibaye, Farawo araje. Bosebagiye gupfa. Nkore iki? Nkore iki?” Hum! Hum!

Yari ahejeje kuvuga imbere y'igihe ico baribagiye gukora. Yari ahejeje kuvuga neza na neza ico gukora. Yaravuze imbere y'igihe iherezo ry'ico gihugu nyene yari yarakuriyemwo. Ndizera yuko mubitahura. Huh? Mose yari ahejeje kuvuga ati: “Ntimuzongera kubabona ukundi. Imana igiyekubarandura. Aho babacokoreye ni kera. Imana igira ibarandure.” Yari ahejejekuvuga ivyagira bibabeko.

Hanyuma ngo: “Mwami, ngire nte?” Murabona ng'aho kamere muntu? Murabona? “Tugirente? Ngira ndindire NI K'UHORAHO AGIZE.” Egome mushingantahe. “Ndaraba icoUhoraho avuga, hanyuma nca ndagikora.” Huh!

Mwibuke, hariho Farawo yari yahagurutse atari yaramenye Yosefu, murabizi, mur'icogihe, kirya gihe. Murabona? Murabona? Mose yarahagaze harya, avuga imbere y'igihe iherezo ry'ico gihugu.

80 Kandi hano na ho yari ageze neza na nezaahantu vyagira bibere, hanyuma aca arataka ati: “Ngire nte, Mwami? Nkoreiki?” Murabona? Mbega iyo si yo kamere y'ibiremwa-muntu? Mbega iyo si yo kameremuntu gusa? “Ngire nte?” Huh!

Yari ahejeje kuvugishwa. Imana yariyarubashe ivyoye yavugaga vyose, kandi yari yahamagariwe ico gikorwa, none kubera vyabayengombwa kw'avuga ngo: “Ngire nte?” Hari icari gikenewe; hari ahivukuvuga gusa. Imana yashaka ko Mose ashira iyo ngabire y'ukwizera mu gikorwa, iyoYari yaramuhaye. Imana yari yarakwemeje. Vyari Ukuri.

Hanyuma Imana yo yashaka ko Mose, yashaka ko abantu babona yuko Yarikumwe na Mose.

Hanyuma we, hariya, yari arindiriyeye, avuga ngo: “Noneho, Mwami, ndi umwanagusa, numbwire aka kanya. Egome, ibi nca ndabikora. Mfise NI K'UHORAHO AGIZE.”

“Mwene Data, iyoni NI K'UHORAHO AGIZE?”

"Egome, egome, Mwene Data Mose, iyo ni NI K'UHORAHO AGIZE. Egome. "

"Eyego, turayifise aka kanya, NI K'UHORAHO AGIZE."

Kandi vyarashitse. Nta gihe na kimwe vyigeze bihusah. Ntivyigeze bihusa.

Hano rero ni kwo guca haduka ibintu, vyongera biraza. Rero Yari yamushikanyemw'uru rugendo. Ishengero ryamaze guhamagarwa, ibatanguza urugendo, rero barikobaraduga. Mose atangura gutakamba avuga ngo: "Mwami, iyi ni NI K'UHORAHO AGIZE? Ngire nte? " Neza cane.

81 Imana yashaka yuko Mose agira ukwizera, kumwe Yari yarashize muri we, muri yangabire Yari yaramaze kwemeza mu buryo ntaharizwa. Imana yari yaremeje Mosebe n'ihanga yuko Yari Yo nyene, biciye mw'Ijambo no mu bintu vyari vyavuze yukovyoshitse. Vyari vyemejwe mu buryo butomoye. Ntivyari bigikenewe yuko agirauguhangayika kuri vyo. Murabona Ntivyari ngombwa kw'asubira kugira ivyiyumvira bimwe kuri vyo, kubera vyari vyaramaze gutomorwa. Yari yaramaze gukora ivyobintu. Yari yaramaze kwemezwa biciye ku nsazi n'imbaragasa, vya bintu yavugahanyuma bikaremwa, yuko Ijambo ry'Imana ryari muri we.

Hano rero agiye kubaza noneho ico gukora, mu gihe ibintu vyadutse imbere yiwe. Murabona? Ôo, bagenzi!

Ndizera yuko ibi natwe bidushikako, kandi turashobora kubona aho duhagaze. Murabona? Mbega ntibibatera kwumva birya bintubikomeye? Twiyumvire kuri Mose avuga amakosa yiwe, hanyuma natwe turabe ayacu. Egome. Murabona?

82 Aha rero yari ahagaze aha, murabona, azi yuko Ivyanditswe bivuga ko wari womunsi wavyo n'igihe c'uko bishika, kandi azi yuko yari yarahuye n'Imana muri ya Nkingi y'Umuriro. Kandi iyo Nkingi y'Umuriro Yaciye imanuka imbere y'abantu ibitangaza. Kandi ivyo yavuga vyose, vyarashika, mbere no gutuma ibintubibaho mu kuremwa. Yakora ibintu Imana yonyene ari Yo yashobora kubikora, vyerekanayuko ijwi ryiwe ryari Ijwi ry'Imana.

Aha rero ng'ibi bintu vyadutse ari kumwe n'aba bantu yari yahagurukanye, abajanyemu gihugu c'isezerano, rero na we aca arahagarara, atakamba avuga ngo: "Ngirente?" Ivyo ni ivy'ikiremwa-muntu, gishaka gusa...

Nka Mwene Data Roy Slaughter, ndibaza yicaye hanze y'umuryango hariya, igihekimwe yarambwiye, ku vyerekeye umuntu ankorera ibintu. Namubwiye nti: "Emwe, jwenakoze ibi, none ubu bimeze kurya."

Aca ambwira ati: "Mwene Data Branham, ukabareka bakakwegamire ku rutugu uyumunsi, ejo uzobaheka." Kandi ukwo nyene ni ko abantu bameze. Bakwegamiye kurutugu uyu munsi, ejo uzoca ubaheka.

Ivyo, ivyo ni vyo Mose yariko arakora. Ngw'Imana yategerezwa kumuheka inzirayose, imaze kumugena, ikanamwemeza kw'ari we wo kubikora. Kandi abantubategerezwa kuba baravuze bati: Mose, vuga ijamba rimwe. Narakubonye ubikorahariya. Imana yarakwubashe hariya, kandi ni wewe nyene n'ubu." Amen. Murabona? "Bikore!" Amen. Yategerezwa kubimenya, ariko ntavyo yamenye. Neza cane. Kuryanyene vyari biri kirya gihe, ni ko bimeze na none. Ivyo turabibona. Ni ho rero Yaca ivuga iti: "Mo..."

83 Ivyo bitegerezwa kuba vyari vyarambwiye Imana. Imana itegerezwa kuba yariyabirambiwe. Yavuze ati: "Kubera iki untakira kubera ivyo? Sinamaze kukwemeza umwidondoro wanje? Sinakubwiye yuko ico gikorwa ari co nakurungikiye? Ivyo si Jewe nakubwiye kuja kubikora? Sinasezeraniye yuko ivyo nzobikora, yuko nzobanan'akanwa kawe, yuko novugiye muri wewe hanyuma ngakora ibi, kandi kandi kowokwerekanye ibimenyetso n'utwumiza? None sinasezeranye kubikora? None sinakoze neza na neza ivyonyene, ngahonyabansi bese bari bagukikuje? None hano ugahaze ku Kiyaga Gitukura, neza na neza uri mu gikorwa ushinze, ico nakubwiye gukora, hanyuma ukaguma undenda induru untakira. Ntunyizeye? Ntushobora kubona yuko nakurungikiyegukora ibi?" Ôo, nimba ivyo atari vyo vy'abantu! Bagenzi! Ishobora kubayabirambiwe.

84 Irongerako iti: "Urabizi ko ubikeneye. Urazi nimba ugiye kujana aba banamuri ico gihugu c'isezerano, ni vyo rwose, ukwamiye mw'iri korosi, nta kindiushoboye gukora. Hano rero hari igikenewe. Uriko undirira kubera iki? Undonderaiki? Uriko umpamagarira iki? Sinabigaragarije abantu? Sinabikugaragajeko? Sinigezempamagara? Ntibihuye n'Ivyanditswe? Sinasezeranye kujana aba bantu muri kiriyagihugu? Sinaguhamagaye nkakubwira yuko nobikoze? Sinahamagaye nkavuga yuko nakurungikiyegukora, ko atari wewe, ko yari Jewe? Kandi yuko nomautse nkabana n'akanwa kawe, kandi ko ivyo wovuze vyose ko novyemeje nkabigaragaza. None ntavyo nakoze?"

"Na none, kubera iki uca wifata nk'uruhinja iyo hagize n'akantu na gatoyakaduka? Wategerezwa kuba umugabo. Bwira abantu," amen, "hanyuma babandanye!" Amen. Ng'ivyo rero. "Ntutakambe. Vuga!" Amen. Ôo, ivyo ndabikunda. "Urikountakira mu biki? Bwira abantu babandanye bagana ku ntego yawe. Ivyo ari

vyovyose, zaba integer nke, ivyo ari vyo vyose, kuzura abapfuye, canke ivyo arivyose, vuga! Narabigaragaje. Bwira abantu.”

85 Mbega icigwa! Mbega icigwa, ôo, bagenzi, kur'iyi ntambwe y'urugendo ahoduhagaze. Nimurabe aho turi ubu, egome mushingantahe, kuri wa Mukwego wa Gatatu.Nimubimenye, turi hano ku muryango w'Ukuza kw'Umwami.

Yari yarasizwe amavuta kubw'ico gikorwa, hanyuma acaguma arindiriyeye NIK'UHORAHO AGIZE. Imana itegerezwa kuba vyari vyayirambiye. Yamubwiye iti: “Ntusubirekuboroga. Vuga! Naragutumye.”

Ô Mana, mbega iri shengero ryategerezwa kuba riri iki muri iki gitondo! Hamweno kwemeza gutunganye kw'Imana, n'Inkingi y'Umuriro n'ibimenyetso hamwen'utwumiza, vyose kumwe nyene vyari biri mu minsi ya Sodomu. Yavuze yuko vyokwongeyekuba.

Raba ingene isi imeze. Raba iki gihugu n'ingene kimeze. Raba abagore n'ingene bameze.Raba abagabo n'ingene bameze. Raba ishengero n'ingene rimeze. Raba ibintu vyose.Ibintu, ibimenyetso, vya bisahani biguruka n'ibintu vyose mu majuru, n'ibintu vy'ubwokobwose vy'amayobera, hamwe n'imipfunda y'ibiyaga, ugukubebwa kw'imipfunda,umutima w'umuntu urajonjogoye, ubwoba, uguhangayika kw'igihe, umubabaro hagatiy'amahanga, ishengero ririko rirareka Imana.

86 Kandi wa muntu w'icaha ariko arahaguruka, umwe yishira hejuru y'ibintu vyose; umweyiyita Imana, yicaye mu rusengero rw'Imana, yiyerekana, ôo bagenzi, kandi yarajemuri iki gihugu. Hanyuma ishengero ryitunganiye, kandi bise bariko barakoranihamwe, nk'imaraya kuri umwe maraya, n'ibintu vyose mu nzira y'ubusambanyi.

Ubusambanyi ni iki? Kubwira abagore yuko bashobora kumwa umushatsi, kubwiraabagore yuko bashobora kwambara amabutura, kubwira abagabo yuko bashoboragukora ibi kandi ko barashobora gukorana biriya; hanyuma abavugabutumwabagakora ibi, hamwe n'ubutumwa bwiza bw'ikibanon'ibindi. Ntimubona, ukwo ni ugusambana hamwe n'Ijambo ry'ukuri ry'Imana!

Hanyuma Imana yaturungikiye Ijambo ryayo ry'ukuri, ritari idini, nta migoziirihambiriye, kandi riduha Inkingi y'Umuriro, Mpwemu Yera amaranye natwe imyakamirongo itatu. Hamwe n'ibintu vyose Yahanuye imbere y'igihe kandi ikabivuga, bigashikaneza na neza nk'uko iba Yabivuze.

87 Nitubibwireabantu, hanyuma tubandanye. Amen. Turafiseintego, ubwo ni bwa Bwiza. Reka tubwinjiremw. Twerekeje mu Gihugu c'isezerano.”Vyose birashoboka ku bizera.”

”Bwira abantu. Sinabigaragaje? None simfisen'ifoto Yanje yafotowe hagati yanyu, n'ibindi vyose, kandi nkora ibintu vyosevyoshobora gukorwa, kugira ngo nemeze yuko ndi kumwe nawe? None ibinyamakuru, mumayinga make aheze, ntivyanditse ku ngingo, mu gihe wari wavugiye hano kugicaniro ivyoshikiye hano, hamwe n'amezi atatu imbere y'aho, na hariya vyagiyegushikira kandi bekemezwa? N'ubushakashatsi burabizi. Hamwe n'ivyo nakoze vyose,hanyuma ukaguma urindira. Bwira abantu hanyuma mubandanye mugana ku ntego yanyu.”Amen.

Natani ntiyabwiye Dawidi? Umuvugishwa Natani, igihe kimwe yicaye, yabonyeDawidi umwami asizwe amavuta, aravuga ati: “Kora ibiri mu mutima wawe vyose,kuko Imana iri kumwe nawe.” Abwira Dawidi, ati: “Kora ibiri mu mutima wawe vyose. Imana iri kumwe nawe.”

88 Yosua yari yasigiwe amavuta gufata kirya gihugu kubw'Imana no kubw'ihangaryayo. Igihe cari cegereje. Yari akeneye umwanya wiyaguye kubw'igikorwa yariyarasigiwe yongera azezwa gukora. Urya mugabo Yosua, yari asizwe amavuta.Imana yamubwiye iti: “Nzobana nawe nk'uko nabanye na Mose.” Amen. “Icogihugu, ngiye kukibaha. Rero nshaka yuko ujabukayo urandure barya Bamaleki,na—n'Abahi... Barya bandi bise, Abafilisitiya na—'Abaferizi, na barya bandi bise,ubarandure. Ndi kumwe nawe. Nzoba... Nta n'umweazoguhagarara imbere, iminsi yose y'ubuzima bwawe. Nta n'umwe ashobora kukubangamira.Bandanya ujeyo.”

Yosua yacyeabangura ya nkota yiwe, avuga ati: “Nkurikira!”

Aca arajayo, aba yatanguye kurwana. Hanyuma haciye haba iki? Yarashwiragijeumwansi. Uduce-duce tumwa twabo twari aha, utundi ng'aha. Iyo hari kugeramw'ijoro, bari guhava bakoranira hamwe bise, bakaza bafise inkomezi nyinshi zokumurwanya. Kandi izuba ryariko rirarenga. Yari agikeneye umurango birushirije.Izuba ryariko rirarenga. Ntiyacyiye apfukama ngo avuge ati: “Mwami Mana, ndabigenzagute? Ngire nte?” Yaravuze! Yari afise ico akeneye. Yavuze ati: “Zuba,hagarara!” Ntiyigeze atakamba. Yarategetse ati: “Zuba, hagarara! Ibi ndabikeneye.Ndi umusavyi w'Uhoraho, iki gikorwa ni co nasigiwe amavuta, kandi ndafise iconkeneye. Hagarara, kandi ntumurike...Nawe kwezi, guma aho nyene uri,” kugeza ahoarwaniye urugamba abakubita hasi bise. Kandi izuba ryaramwumviye.

89 Ntavyo gutaka. Yabwiye izuba, ati: “Hagarara. Zuba, guma aho nyene! Nawe kwezi,guma aho uri.” Ntiyatakamvye ngo: “Mwami, aka kanya nkore iki? Mpa umucow'izuba urushirije.” Yari akeneye umuco

w'izuba, nuko aca arabitegeka, kandi zubaryaramwumviye. Ôo bagenzi! Yarategetse izuba guhagarara.

Samusoni, asizwe amavuta, yarahagurutse, uwagenywe n'Imana, ahabwa ingabirey'inguvu, yari yagenewe kurandura ihanga ry'Abafilisitiya. Yagenywe, yaravukiyekw'isi, asigwa amavuta n'Imana, kugira ngo arandure Abafilisitiya. Umunsi umwe, bamuturumbukako ari ahantu mu gasozi, inkota yiwe atayo afise, ata n'icumuaafise. Maze igihumbi muri abo Bafilisitiya bitwaje ibirwanisho bamwirukako icarimwe. Mbega yaciye arambarara hasi hanyuma ngo: "Ô Mwami, ndindiriye iyerekwa. None Mwami ngire nte? Mbwira ico ndi bukore?" Yari azi ko afise ico akeneye. Ntakindi yaronse atari urwasaya rw'inyumbu rushaje, kandi yararukubitishije Abafilisitiya igihumbi. Amen!

Ntiyigeze atakira Imana. Yakoresheje ingabire yiwe isizwe amavuta. Yari azi yukoyarungikiwe ico gikorwa. Yari azi yuko yavutse kubw'ivyo. Yari azi yuko yasizwe amavuta afise n'ingabire, kandi yaciye akubita Abafilisitiya igihumbi. Ntiyatakambiye Imana. Imana yaramushizeho kandi yemeza ko yari we, biciye mu bindiyari yarakoze. Kandi yari umusavyi w'Imana yemejwe, asizwe amavuta, kugira ngo arandure Abafilisitiya, kandi yarabikoze. Uko ibintu vyari bimeze kwose, yarabikoze. Ntana kimwe yigeze asaba. Ico cari igikorwa ciwe, yuko Imana yariko ikorera muriwe, ahitana iryo gufa ry'inyumbu hanyuma yahuka Abafilisitiya. Ni gute...

90 Erega, gukubita rurya rwasaya rimwe gusa kuri irya nkofero y'intibatimba yasantimetero zitatu z'umuringa, riry a gufa ryari guhava rica ricika ubunywenywe. Gusa yarikubitishije igihumbi muri bo, arabica, kandi no ng'aho yagumye arifisemu minwe.

Nta kibazo yabajije. Ntiyigeze ataka. Yaravuze. Yarabashwiragije. Ôo, bagenzi! "Gukubita Umufilisitiya, ndashobora gukubita Abafilisitiya, ga Mwami? Ndaziyuko wandungikiye kubikora, Mwami. Egome, Mwami, ndazi yuko wandungikiye kurandurairi hanga ry'Abafilisitiya. None hano, raba gihumbi muri bo baranzugurutse, kandi nta na kimwe mfise. Ngire nte Mwami?" Ôo, bagenzi! Nta na kimwe kizakumubangamira. Yasigiwe amavuta ico gikorwa. Nta kintu na kimwe gishobora kubagiriranabi. Oya, nta kintu kimwe. Haleluya! Yaciye ahitana ico yari abonye hafi aca arabakubita. Ni vyo.

91 Igihe umwansi yamuzigiriza, avuga ngo: "Ubu hoho twamwugaraniye mu nkuta, turamufise. Turamufatiye imbere hano hamwe n'uyu mugore. Kandi twugaye umuryango hamwe no hiryo hino, kandi ntashobora gusohoka. Turamufise."

Samusoni ntiyaciye atakamba ngo: "Ô Mwami, ehe banzigiririje mw'iri dini." Huh! "Uh, ngiye gukora iki none? Nifatanije na bo. Nguye kubigenza gute?" Ntiyigeze akora ivyo.

Yabaye busohoke gusa, aca arandura imiryango y'amarembo, ayishira ku rutugu, aca agenda ayijanye. Amen! Yasizwe amavuta kubera ico gikorwa. Yari yarahamagawe n'Imana. Ntibamwugaraniyeyo. Oya, na gato! Yagiye ajanye imiryango y'amarembo. Ntiyabisengeye. Ntiyabajije Imana nimba ari bubikore canke atari bubikore. Vyari mu vyo ajejwe. Amen, amen, amen! Mu vyo ajejwe neza na neza. "Kuki untakira? Vuga, hanyuma ubandanye!" Amen! "Ntutake. Vuga!" Aho rero aca arareka kurira no kuboroga. Yategerezwakumenya yuko akuze bihagije kugiro ngo avuge. Ni vyo. Yari azi yuko ingabire yiweisizwe amavuta y'inkomezi yashobora kurandura Umufilisitiya wese yari amuhagaze imbere. Amen.

92 Ariko ivyo ntavyo tuzi, murabona. Turacari abana bato, baguma bagumana icupa mukanwa.

Yari abizi, yari azi yuko Imana yamuhagurukije kubw' iyo ntego, kandi aho ntakintu na kimwe cari kumuhagarara imbere, iminsi yose y'ukubaho kwiwe. Nta kintu na kimwe gishobora kumuseniyura. Yari yahagurukijwe kubw'iyi ntego, nka Mose. Nta kintu na kimwe cari kigiye kumuhagarika. Nta Bamaleki canke ikindi kintu ngocoshoboye kumuhagarika. Ari mu nzira igana mu gihugu c'isezerano. Samusoni yari azi ko ari mu nzira.

Yosuwari yari azi yuko ariko arigarurira kirya gihugu. Yari yemejwe. Ijambory'Imana ryari ryarabisezeranye, kandi Mpwemu Yera yari harya avyemeza.

93 Yari mu nzira yiwe, ku buryo ata kintu na kimwe cari kumuhagarika. Oya, mushingantahe. Neza na neza mu vyo ajejwe arikumwe n'Imana, nta kintu cari guhagarara munzira yiwe. Yahise afata imiryango y'amarembo ayishira ku rutugu, yapima nka tonizine canke zitanu, aca ayidugana ku musozi hejuru ayicarako. Nta kintu na kimwecokwitambitse mu nzira yiwe. Yari afise ingabire isizwe amavuta iva ku Mana. Ntiyaringombwa yuko atakamba ngo: "Mwami, aka kanya ntegerezwa gukora iki?" Yari aza asizwe amavuta yo kubikora. Iyo yari NI K'UHORAHO AGIZE, "Bakureho!" Haleluya! "Bakureho! Naguhagurukije kubw'iyi ntego." Amen.

"Nkore iki, Mwami? None, ngiye gukora iki hano ku Kiyaga Gitukura?"

"Sinakubwiye yuko nguhaye hano umusozi ngo ukubere ikimenyetso? Subira kw'uyo musozi, hanyuma ugende kujana abo bana mur'ico gihugu. Mbega sinaguhamagaye kubw'iyontego? Ni kuki uhangayikishijwe n'ikindi kintu cose gihagaze mu nzira? Vuga, hanyuma mutangure kugenda!" Amen kandi amen! "Egome, naguhamagaye kubw'iyi ntego."

94 Dawidi, yari azi ko asizwe amavuta, kandi yari yemejwe ko yari umurashi mwiza. Yari azi yuko bari bazi ko yari umurashi mwiza. Dawidi yari asizwe amavuta. Arabizi. Kandi igihe yaha garara imbere ya Goliyati, ntiyigeze atakamba ngo: "ÔMana, aka kanya nkore iki? Hinge, ntegerezwa...Nda—ndazi ivyo wakoze mu bihe vyaheze. Wewe, Warandetse ndica idubu, uranyemerera ndica intare. None bite vy'uyu Goliyatiari hano?" Huh! Ivyo ntavyo yigeze akora. Yaravuze gusa. Yavuze iki? "Ndakugiranka bo...?..." Yaravuze aca atera agana imbere.

Nta sengesho yigeze asenga. Nta kintu na kimwe yigeze atanga. Yari azi yuko yariasizwe amavuta. Amen. Yari asizwe amavuta, kandi irya topito yari yaragaragajeneza na neza ico kintu. Yari afise ukwizera mw'isigwa ryiwe. Yari afise ukwizerayuko Imana ishobora kuyobora riry buye rigatumbera neza na neza hagati y'aharihateraniye irya nkofero, aho hantu honyene yari ashoboye gukubita. Yari ahagaze aho.

95 Yari azi yuko yari umurashi mwiza. Amen. Yari azi yuko Imana ari yo yariyamugize irtyo. Amen. Yari azi ko yishe intare, yari azi ko yishe idubu, arikoivyo hari kubera ubutunzi bwa se wo kw'isi. Ehe hano na ho ubutunzi bwa Se womw'Ijuru! Amen. Ntiyaciye arambarara hasi ngo avuge ngo: "Ntegerezwa...None ubunkore iki ga Mwami?" Yaravuze ati: "Ndakugira nk'iyoy intare n'idubu, kandindaje." Amen! Imana ihabwe icubahiro! Egome mushingantahe. Yaravuze, aca ateraaja guhura n'uyo Goliyati. Ôo, bagenzi!

Ntiyitayeho ingene yangana! Kari agahungu gato, gasa n'akanyunyutse, murabizi. Ntiyari manini cane. Ntiyari mwiza cane wo kuraba, umuntu nyene mutomuto. Bibiliya yavuze yuko atari umuntu w'igihagararo. Ubu rero, ntiyitayehoigihagararo ciwe n'ico bita ubushobozi bwo kubikora.

Urazi, u—umwepisikopi yamubwiye ati: "Noneho mwana wanje ehe nkwereke, uriyamugabo ni umunyatewolojiya. Urabona, ni umurwany. Yavutse ari umurwany kandini...Yabaye umurwany, kuva mu buto bwiwe; kandi ntaho uhuriye na we." Bene se bamubwirabati: "Ehe uyu na we ingene ashaka kuduteza urubwa, ngw'aze akore ikintu nk'ico, subira muhira."

Ivyo ntaco vyigeze bimumwara. Kubera iki? Yari azi yuko yasizwe amavuta. "Imanayankijije irya ntare, Imana yankijije amanja ya ya idubu, izorushiriza gukoraibirengeye ivyo, Irankiza n'uwo Mufilisiya. Ng'aha ndaje. Nje guhura nawe mw'Izinyari'Uhoraho Imana y'Abisirayeli." Amen. Ntayabisengeye; yari yamazekubisengera. Imana yari yaramusengeye kubw'ivyo imbere y'ukuremwa kw'isi. Yariasizwe amavuta kubw'ico gikorwa. Yategerezwa kuvuga hanyuma agatera abandanya. Ivyoni vyo vyonyene vyategerezwa gukorwa kur'ivyo, kuvuga gusa no gutera ubandanyimbere. Ôo, ivyo vyonyene ni vyo vyari bikenewe kuri vyo. Ôo! Ntiyagize...

96 Ku bijanye na barumuna biwe b'abanyamadini, na barya bacokoranyi bari bahagazeharya, murabizi. Ôo, egome. Bari bahagaze aho bavuga, bashinyagurira bongerabacokora, bakavuga... Barumuna biwe, murabizi, bavuga bati: "Ah, ah, ah, ntavyoushobora. Wewe, ntavyo ushoboye." Ivyo nta na kimwe vyamuhinduyeko na gato. "Urshaka kuba uwutandukanye n'abandi. Ushaka kwiyerekana." Nimba ivyo vyarerekanywe, n'uko vyari bimeze bimeze. Arikobob araba ku ruhande rw'ivy'ubwenge gusa.

Dawidi yari azi ko amavuta y'isigwa yari kuri we. Amen. Nta co vyahinduye kuriwe. Yavuze ati: "Uwo Mufilisiya ndamugira nka ya dubu na ya ntare, hinge ndaje." Yabivuze imbere y'igihe imbere yuko biba. Yari yakoze iki? Yari yarishe idubu. Yari yarishe intare. Yaratsinze hasi intare hamwe n'i... Akoresheje iki? A—akoreshejeitopito, hanyuma ahitana imbugita, mu nyuma yica idubu. Intare, yayicishijeimbugita. Ivyo nyene ni vyo yakoreye Goliyati. Yamukubise hasi akoresheje, acaasokora inkota yiwe, amuca umutwe, aho nyene. Ni iki yari yahanuye imbere yuko biba?" Ndakugira nka vyo." Kubera iki? Yaravuze ijambo ryagira ribe, hanyuma acaarakomeza kugira ngo arishitse. Amen. Ô Mwene Data! Yaravuze, maze aca yifatiramu minwe uko ibintu vyari bimeze uwo muni.

97 Nimba harigeze kubaho igihe umuntu yategerezwa kuvuga, ni ubu. Turarangije uyumutwe w'icigwa mu minota mikeya iri imbere nimba mushobora kwihanganira iminotamikeya. Ndafise ibindi bintu vyanditse hano, Ivyanditswe bimwe nshaka gushikira.

Petero ntiyigeze atakamba, aho aboneye umuntu yari afise ukwizera guhagije kwo gukira, yicaye kuri rya Rembo ryitwa Ryiza. Ntiyigeze amanuka ngo agire isengesho ry'ijororyose, kandi, canke isengesho ry'umunsi wose, isengesho rinini, rirerire, maze ngw'avugengo: "Mwami, ndagusavye aka kanya uzafashe uyu mugabo aremaye. Ndabona yukoafise ukwizera. Ndazi ko ari uwizera. Namubajije, na we ya—ya...na—na—na...Yavuzeko afise ukwizera, yoba yizeye ivyo namubwiye. Namubwiye ivyerekeye...ivyerekeyeivyo Wakoze, nanje ndibaza ubu, Mwami, yu—yuko...Woshobora kumpa NI K'UHORAHOAGIZE kuri we?"

Oya, yari azi yuko yari intumwa isizwe amavuta. Yari azi ko Yesu Kristo yamurungitsemu gikorwa, ati: "Kiza abarwaye, uzure abapfuye, uhumanure abanyamibembe, usendeabadayimoni. Mwabiherewe ubuntu, mubitangire ubuntu." Yavuze ati: "Petero, genda ukore utyo!" Ntiyari ngombwa kw'arinda kubisengera. Yari yararungitse kugikorwa.

98 Yavuze iki? Yavuze ati: "Mw'Izina rya Yesu Kristo!" Yavuze Izina rya Yesu Kristo, uwo umuntu yicaye

aho. Amufata ukuboko, avuga ati: "Haguruka!"Aramufata kugeza amagufa yiwe y'ibirenge amaze gukomera, hanyuma atangurakugenda. Kubera iki? Ntiyigeze agira igikorane c'amasengesho c'ijoro ryose.Ntiyigeze atakambira Imana. Yari azi ikibereye, cavuye mu kanwa ka Yesu Kristo,yari yasizwe amavuta kubw'ico gikorwa. Egome. Yaravuze hanyuma aramuhagurutse,kuko yari azi yuko yari intumwa isizwe amavuta kubw'iyongero ntego.

Ba bantu baryamamu gitutu ciwe ntibigera bavuga ngo: "Ôo, ngwino, ntumwa Petero, maze wingingye kubwacu, udusengere ku Mana isengeshory'ukwizera." Oya, oya, ivyo ntavyo bigeze bavuga. Baramenye yuko y'Imanayemejwe kandi isizwe amavuta. Kubw'ivyo bavuze bati: "Tureke twiryamire mugitutu ciwe. Ntibikenewe k'uvuga ijamba. Turabizi. Turavyizera." Ubuzima muribo! Iyo ntumwa ntiyashobora kubashikira bose. Kandi na bo ubwabo, bari igicecavyo.

99 Mose avuga ati:"Singenda jenyene. Twese turagenda."Twese turafise ico gukora. Twese dutegerezwa gusigwa.

Rero babonye iyo ntumwa ihagaze aho, bamubona akiza umurwaye kandi akora ivyoyakoze. Babona ko atari gushobora kubashikira. Bavuga, ntibigeze bavuga bati:"Petero, ngwino, ha—hanyuma usenge, maze turindire gushika uronse NIK'UHORAHO AGIZE, uce uza umbwire. Turabe ico Umwami avuga. " Bavuze bati:"Hamwe dushoboye kwiryamira mu gitutu ciwe, kuko ya Mana nyene yari muriYesu Kristo iri muri we, kandi tubona hariko hakoreka vya bindi nyene. Bakoraku buyonga bw'impuzu ya Yesu bakicara mu gicucu ciwe, kandi Yesu ari muri uyumugabo. Hamwe ico gitutu gishoboye kudushikira, duca dukira."

Kandi Bibiliya ivuga yuko buri wese muri bo yakize. Nta gikorane co gusengajoro ryose, uvuga ngo: "Mwami, hamwe ngiye kuryama mu gitutu cy'iyi ntumwa?"Oya, bari babizi. Umuco wari warabarasiye. Imitima yabo yari yuzuye. Ukwizerakwabo kwari kwiddegemvya. Amen. Baravyizera. Bari barabibonye. Vyari nk'ivyonyene kuri ya mishwari kuri Paulo. Ubu rero, mu gusozera.

100 Yesu ntiyigeze atakamba igihe bamuzanira umuhungu atari akomeye, umwe yariarwaye intandara, zama zigomba kumuta mu muriro. Ntiyigeze avuga ati: "Data, ndiUmwana wawe, none Wandungitse hano ibin'ibi n'ibi. Ndashobora gukiza uyu muhungu?" Ntiyigeze abivuga. Na we ati:"Satani, muvemwo!" Yaravuze, uwo muhungu aba arakize.

Igihe yahura na Gitero, umwe yarimwo amashetani ibihumbi bibiri, Yesu ntiyacyeatakamba. Abo badayimoni ni bo batakamvye bavuga bati: "Nimba ugirakutwirukana," ôo, bagenzi, "tureke tuje muri ubwo bushobw'ingurube."

Yesu ntiyigeze avuga ati: "Noneho Data, ndashobora gukora ibi?" Yavuze ati:"Sohoka," abo badayimoni baca barahunga. Koko, Yari azi ko Yari We Mesiya.

101 Ku mva ya Lazaro, yari amaze iminsi ine apfuye. Bavuze bati: "Iyo Uza kubaUri hano, Mwami, ntiyari kuba yapfuye."

Abishura ati: "Ni Jewe kuzuka n'Ubugingo." Amen! Atari hehe, ryari, canke gute."Unyizera, nubwo yoba yarapfuye, azobaho." Amen. Yari azi Uwo Yari We. Yari aziico Yari Co. Yari azi ko Yari We Imanweli. Yari azi ko Yari We kuzuka. Yari aziko Yari We Bugingo. Yari azi ko muri We hari hagerereye ukunengesera kw'Ubumanamu buryo bw'umubiri. Yarabonye abo bantu batoya ng'aho, kandi Yari yabonye icoImana yamubwiye gukora ico gihe, kandi Yari yahashitse. Aca aramanukayo.

Ntiyigeze avuga ati: "Noneho hinge, Ngira mpfukame hano. Mwese mupfukamemusenge." Yavuze ati: "Murizera yuko nshoboye kubikora?" Amen. Yarabibajije.

Ntivyavana na We, vyavana na bo. "Egome Mwami, ndizera yuko Uri Wa Mwanaw'Imana yategerezwa kuza mw'isi." Ôo, bagenzi! Aho aba aradondowe. Hari ikintugitegerezwa guca gishika.

"Lazaro, sohoka!" Yaravuze, umuntu yari yarapfuye aca arasohoka. Atari: "Ndashobora?"Yaravuze gusa. Igihe ukwizera kwaboneka, hari ikintu caciyeye kiba.

102 Aravuga, Yaravuze, impumyi zirahumuka, abamugaye baragenda, abatumva barumva, abadayimonibavuzi induru basohoka, abapfuye bakazuka, vyose. Kubera iki? Ntiyabisengera. YariMesiya asizwe amavuta. Yari Uwo Mesiya. Yari azi ko Yari We. Yari azi ikibanzaciye. Yari azi ico Yarungikiye gukora. Yari azi ko Data yamudondoye kw'ariMesiya, ku wizera. Kandi aho ahuriye n'uwo wizera afise ukwizera, Yavuze Ijambogusa, abadayomini barahundagara. Egome mushingantahe. "Vuga! Ntuboroge. Vuga! "Amen.

Kandi We Yari azi uburenganzira yahawe n'Imana, ariko ntabwo tuzi. Yari azi icoYari Co.Tweho ntaco tuzi.

Mose yari yibagiye. Samusoni yaratahuye. Abandi baratahuye. Yoswa yaratahuye.Mose yaribagiye. Imana yategerezwa kubimwibutsa. Yamubajije ati "Kuki untakira?Nakurungikiye gukora ico gikorwa. Vuga, hanyuma ukomeze ku ntego yawe.Nakubwiye yuko woshitse kuri uyu musozi. Jana abo bana ubayobore.

Vuga gusa. Sinitayehongo n'ibiki biri mu nzira yawe, bikure mu nzira. Ndaguhaye ububasha bwokubikora. Navuze...Waravuze insazi n'imbaragasa, hamwe n'irema, n'ibindi nk'ivyo. None ubu kuber'iki uriko urandenza induru? Kuki uza aho ndi, n'induru y'ivyo? Vuga gusa hanyuma uvuyibonere bihava, nta bindi." Ôo, bagenzi! Ôo, mbega ukuntundabikunda!

103 Hano, Yesu, ivyo yavuga vyose, Yavuga Ijambo gusa, bigaca bigenda ukwo nyene. Imana yari yaremeje neza ko Yari Umwana wayo. "Uyu ni We Mwana wanjenkunda cane akampimbara. Nimumwumve."

Mumwitegereze. Ibi ndabikunda. Mbega ubutwari, mbega ukuntu Yahagaze n'ubukuru imbere y'abamutyozza. Amen. Mbega Yavuze ngo: "Sambura uru rusengero, nanje nzosengaData ndabe ico azokora kuri vyo?" "Sambura uru rusengero, nanje nzokwongerakurwubaka mu minsi itatu." Atari: "Ndizera ko; ngiye kugerageza." "Nzobikora!" Kubera iki? Ivyanditswe vyarabivuga.

Ivyo Vyanditswe nyene ni Vyo vyavugaga yuko Yozuye umubiri wiwe, akaduha ububasha, Ubushobozi. Amen! "Mw'Izina ryanje bazosenda abadayimoni, bazovuga mu ndimi nsha; nibafata inzoka, canke bakanywa ibintu vyica, ntaco bizobagira; nibarambika ibiganza ku barwaye, bazokira."

"Kuki untakira? Vuga, hanyuma ubandanye." Ôo, ubutwari ngi...

"Sambura ururusengero, nzokwongerakurwubaka." Ôo!

104 Kandi ubu rero mwibuke (turiko turasozera.), yari We nyene. Ni We nyene Yivugiye, muri Yohana 14:12, i... "Unyizera, ibikorwankora na we nyene azobikora." Mbega ukwo ni ukuri? Ni We Yavyivugiye.

Yari Yesu, muri Mariko 11:24, yavuze ati: "Nimwabwira uyu musozi," atari: "Nimwasengera uyu musozi." "Nimwabwira uyu musozi muti: 'Shinguka,' hanyumantimukekeranye mu mitima yanyu, ariko mukizera yuko cio muvuzze kizoshika, murashoborakuronka ico mwavuze." Aha rero nimwabivuga mucacisha, ntibizoshika. Ariko nimbaari ikintu kanakakiri muri wewe, yuko wa—wasizwe amavuta kubw'ico gikorwa, kandi ukaba uzi ko ari ubugombe bw'Imana kubikora, niwakivuga, kizotegerezwagushika. "Nimwa..."

Uyu ni We Yavyivugiye. "Nimwaguma muri Jewe, Amajambo yanje akaguma muri mwebwe, musabe ico mugomba cose muzogihabwa." Ôo, bagenzi! Ôo, bagenzi! Murabona iconshaka kuvuga?

105 Munyihangabire kubw'ibi, Numvise binzamwo. Ntegerezwa kubivuga. Ni We Yavyivugiye, wa muni ruguru, muri rya shamba, ati: "Nta gikoko mwafashe." Aca aremairimihare itatu iduhagarara imbere. Ni iki? Navuze ijambo gusa, mvuga, nti: "Umweube harya, uwundi harya, uwundi hariya," bica biraba. Ni We Yabikoze.

Charlie, Rodney, Yari We hariya epfo muri Kentucky; na Nellie, Margie, hamwe n'abandimwese. Yari We, irya Mana nyene Yavuganye na Mose hariya, iti: "Kuki untakira? Vuga ijambo!" Ni Yo yabishikanye ku kubaho. Ni Yo. Ni Yo. Ôo, bagenzi!

Ni Yo yatanze iyerekwa hashize hafi umwaka, Yavuze ko twogiye hiyo hakurya, hanyumaaya Mashashara Ndwi, n'ukuntu hobayeho u—u—u—umuturagaro wobitanguriye, kandiyuko boje mw'ishusho y'umusonge. Kandi ng'aho Look Mag-... Ikinyamakuru Life Magazine caravyanditseko, bimanitse hiyo ku rukuta. Ni Yo Yabivuze.

106 Yari Yo, muri rya joro igihe nariko ndamanuka muri rya barabara nca mbonanzoka nini y'imamba iri hafi gushikira murumunanje. Kandi Yavuze iti: "Wahaye...wahawe Ubushobozi bwo kuziboha, canke imwe yose muri zo." Ni Yo Yabivuze.

Ku mugore wanje muto w'imvi yicaye harya: Yari Yo muri ca gitondo, yamvyuye hariya mu cumba, maze mpagarara mu mfuruka, imbwiraiti: "Ntihagire na kimwe utinya gukora, canke kuja ahantu hose, cankekugira ico uvuga, kubera ko za Nyonga za Yesu Kristo zitigera zinanirwa zirikumwe nawe aho uja hose."

Yari Yo hariya ruguru muri Sabino Canyon, hashize amezi nk'atatu, igihe narikondasenga, nibaza ivyari bigiye gushika. Nari mpagaze aho, hanyuma Inkota imwe inkorokera mu minwe, ndavuga nti: "Iyi ni ya Nkota ya wa Mwami." Yari Yo.

Yari Yo yambwiye iti: "Nzobana nawenk'uko nabanye na Mose."

107 Ni Yo yambwiye, mu myaka mirongo itatu iheze, hariya epfo ku ruzi, nkiri umuhungumuto. Mpagaze aho nk'umuvugabutumwa akiri muto, ku ruzi, hashize imyaka mirongo itatu, nari mpagaze aho igihe wa Muco, ya Nkingi y'Umuriro nyene, yamanuka mukirere ihagarara aho, maze ivuga iti: "Nkuko narungitse Yohana Umubatizingo abanzirize Ukuza kwa Mbere kwa Kristo, Ubutumwa bwawe buzobanziriza Ukuzakwa Kabiri," kw'isi yose. Vyoshoboka bite, mu gihe n'umwungere wanje bwite yabitwenga akabicokora? Ariko vyagenze ukwo nyene neza na neza. Ni Yo Yari yabivuze. Egome, mushingantaha!

Ôo, mbega ukuntu ari Yo yavuze muri bwa buvugishwa, kuri rya yerekwa iti: "Bizoshika." Ni Yo yavuze iti: "Nihaba muri mwebwe avugishwa cankeakabona amayerekwa, akabivuga, hanyuma bikaba, aho rero mwibuke yuko atazobaari we, azoba ari Jewe. Nzoba ndi kumwe na we." Ôo, bagenzi! Ese ukuntunonabandanya, nkavuga ko ari Yo, kw'ari Yo, kw'ari Yo!

108 Ni Yo yamanutse, igihe nababwira ko Inkingi y'Umuriro yari hepfo hariya ku ruzi, hanyuma ntibabasha kuvyizera. Yari Yo hamwe hepfo hariya muri bo, igihe wamuvugabutumwa w'Ubutatiste, imbere y'abantu ibihumbi mirongo itatu muri ryajoro, muri Sam Houston Coliseum, igihe wa Mumarayika w'Uhoraho yafotorwa, ahagazeharya. Yari Yo, Ya Yindi nyene ejo hahise, uyu muni n'ibihe vyose.

Ni Yo yavuze bitaraba aho ivyo bintu vyategerezwa kubera. N Yo yabivuze. Ni YoYakoze ivyo bintu. Ni Ya Yindi nyene ejo hahise, uyu muni n'ibihe vyose. Yakoze vyose neza nk'uko Yabivuze ko Yobikoze. Amen.

Kuki tworindira? Imana ifise Ijambo ryemejwe. Ni kwa Kuri. Reka dufate urugendo. Reka tugende. Reka dukomeze urugendo rw'Umwami, dushire ku ruhande ugukekeranyakwose, ivyaha vyose. Nimweze amazu, muyasukure.

Nk'uko rya yerekwa rya Junior Jackson ryabivuga, nta kindi cari gisigaye atariamatara; nako ya nzizo yiwe, nimba yicaye hano. Nta kindi gisigaye atariamatara, kandi bari bambaye imisipi y'inzahabu, mu nzozi yanyiganiye irindijoro. Ôo, bagenzi!

109 Mwene Data Collins, ntugahangayikishwe n'irya fi. Yari yera. Gusa ntiwari uziuko woyigenza.

Nimushire ku ruhande ibindi vyose binyuranye na Ryo. Mwibuke, uku ni kwo Kuri, mutitayehoukuntu kuboneka nk'ivy'akaguma, n'ibindi vyose, rimwe na rimwe. Nimubandanyehamwe na Ryo. Ni Mpwemu Yera. Ya Mana nyene yazuye Yesu Kristo mu bapfuye, Imweishobora kuvuga bikabaho, Imwe yariho mu gihe ca Mose, ni Ya Yindi nyene uyumunsi.

Umuhamagaro wayo mur'iki gihe c'iherezo, ni uwemejwe. "Nk'uko byari biri mugihe ca Sodomu, ni ko bizomera mu muzo wa Wa Mwana w'Umuntu." Yarangije... Hariho Sodomu hariya ejo. Hariho Billy Graham na Oral Roberts hiyo. Hanyuma Ishengerona ryo ririko rirabandanya, biciye muri vya bimenyetso nyene Yasezeranye, ahohompi, kandi ng'aho aho bari. Ni We yabivuze.

Ô Mwami, mpa umwete, ni ryo sengesho ryanje. Mfasha, Ô Mwami Mana.

Ntegerezwakugarukiriza aha. Amasaha yagiye.

110 "Kuki untakira? Kuki uriko urantakambira, mu gihe nerekanye ko ndi kumwe nawe? Sinakijijeabarwayebawe," ni ko Yobaza. "Sinakubwiye ibintu vyabaye neza na neza ukwonyene? Umwungere wawe ntashobora gukora ivyo. Jewe! Ntavyoashoboye; ni umuntu. Ni Jewe, Uhoraho," ni ko Yovuga. "Ni Jewe nakoze ibi. Ni Jewe ndamubwira ng'avuge ibi bintu. Si we. Ni Ijwi ryanje. Ni Jewe nazuyeabapfuye banyu iyo bari bahamvye. Ni Jewe nkiza abarwaye. Ni Jewe mvuga ibibintu bitaraba. Ni Jewe ndokora. Ni Jewe ntanga isezerano."

Mana, mpa umwetewo gufata irya Nkota y'Ijambo Yashize mu minwe yanje mu myaka igera kurimirongo itatu n'itatu iheze, maze ndayigumye hanyuma mbandanye ntumbereye wa Mukwego wa Gatatu, ni ryo sengesho ryanje.

Reka twunamikeimitwe yacu.

111 Data wo mw'Ijuru, umwanya uragiye, ariko Ijambo riguma ritera riryoha. Nk'uko tubibona, Mwami, ukw'ibihebigenda bikurikira, Za Nyonga za Kristo zitigera zinanirwa zihorana natwe igihese. Ese ukuntu tugushimira kubw'ukugira neza kwawe! Ukuntu watuzigamye kandituga... ukaduhezagira, ese ingene tugushimira kubw'ivyo!

Mu gihemfashe ibi bitambaro mu minwe, Mwami, ni abantu bafise ukwizera, bizera Ibi. Reka idayimoni yose, indwara yose ive kur'abo bantu. Kandi ndategetse impwemuyose iri hano, iva kuri wa mubi, atari iy'Imana, impwemu yose y'indwara, indwara zose n'imibabaro. Ntityurama mu gitutu c'umuntu, ivyo bikaba vyoba arivyiza cane, ariko turi mu gututu c'Ubutumwa Bwiza, Ubutumwa Bwiza bwemejwe.

Mu gihe ya Nkingiy'Umuriro igendagenda mur'iyi nyubako, Imwe nyene Imana yacishirizamwo mukuraba Ikiyaga Gitukura maze kigatanga inzira, Abisirayeli bakarengana. Ariko mugihe Iraba, imijagira Amaraso y'Umwana wayo bwite, ifise imbabazi n'ubuntu. Rekatube abumvira. Reka uyu muni duhagarike kuvuga, gutaka. Reka tumenye yuko Waduhamagariye iki gikorwa. Iki ni co gihe. Ndabivuze mw'Izina rya Yesu Kristo, reka indwara yose ive aha hantu.

112 Reka umugabowese n'umugore, abambaza Izina rya Yesu Kristo, bashikane ubuzima bwabo gushashayyu muni. Ubwanje nditanze, Mwami, ku gicaniro c'isengesho. Ndubaraye hasi, kandi ndateye isoni nanje ubwanje, nunamitse umutwe hasi aho wankuye. Mwami Mana, ndatewe isoni n'intege nke

zanje n'ukutizera kwanje. Bimbabarire, Mwami.Mpa umwete. Duhe umwete twese.

Niyumva nkaMose, twese turi mu nzira yacu tugenda. Ntidushaka gusiga n'umwe. Dushakakubajana bose, Mwami. Ni abawe. Ndabishuje kubwawe. Hezagira aba bantu uyumunsi, Mwami. Kandi nanje umpezagirane na bo, Data, maze Izina ryawerishimagizwe. Icubahiro cawe kibe icawe. Uduhe kuno kwizera kudashira, Mwami,mu gihe tukwiyegurira kano kanya.

113 Jewe kur'iyiBibiliya no kur'ici gicaniro, ndaguhaye ubuzima bwanje, Mwami. Mpanze amaso kumasezerano yose Watanze. Ndazi yuko azokwemezwa. Ndazi kw'ari ay'Ukuri. Mpaubwira bwo kuvuga aya Majambo. Mpa umwete,Mwami. Ndongora mu vyo nkora no mu vyo mvuga. Ndakwihaye, hamwe n'iri shengero,mu rugendo rwose hamwe na ryo, Mwami, mw'Izina rya Yesu Kristo. Amen.

Ukwizerakwanje gutumbereye Wewe,

WeweMwagazi w'Intama w'i Kaluvariyo,

Mukiza-Mana;

Mw'uyumwanya Unyumve mu gihe nsenga,

Unkurekoivyaha vyanje vyose,

ÔUndeke uherye ubu

Mbeuwawe rwose!

Ubu rero reka duhaguruke, muhorobuhoro, mu gihe tuyihibongoza.

...Wewe,

WeweMwagazi w'Intama...

Rekaturaramike imitwe yacu tuyitumbereze kuri We aka kanya.

ÔMukiza...

NimwiyegurireImana aka kanya.

Mw'uyumwanya Unyumve mu gihe nsenga,

Unkurekoivyaha vyanje vyose,

ÔUndeke uherye ubu

Mbeuwawe rwose!

114 Ubu twese hamwe, twakirije ibiganza [Ikoraniro risubiyemwo iri sengesho hamwena Mwene Data Branhama—Umw.] "Mwami Yesu, kano kanya ndakwiyeguriye, ubuzimabw'igikorwa, butyoroye rwose, bw'ukwizera kurushirije, ndatakamvye, ngo mbeumusavyi yemewe birushirije mu buzima bugiye gukurikira, kurusha ukwo nabaye mubuzima bwaheze. Umparire ukutizera kwanje, hanyuma Utugarukanire kwa Kwizerakumwe kwahawe abera rimwe gusa. Ndakwihaye, mw'Izina rya Yesu Kristo."

Ubu na ho mu gihe twunamitse imitwe.

Mugihe nca mu mw'ijima w'ubuzima,

Ibitey'ubwobabindi irya n'ino,

UmbereUmurongozi;

Umwijimauhinduke umurango,

Umpanagureamaso

Ntundekengo mve aho Uri.

115 Mu gihe twunamitse imitwe yacu aka kanya. Mwumva har'ico ubu butumwa bw'akagatondo bwabamariye? Bwabateye intege? Nimba bwabateye intege, nimukirizeibiganza gusa ku Mana, muvuge muti: "Mana, urakoze!" Naje ubwanje nakirijeamaboko yanje yompi, kubera numva ukwo nyene yuko bwa—bwamfashije. Bwanteyeintege.

Ibintu bimwe navuze, sinari nibaza yuko mpava ndabivuga, ariko vyamaze kuvugwa.Kwari ugukankamirwa kuri jewe. Ubwanje nisanze ntari mu nzira nahora nibaza kondimwo, ariko nasanze nanje nagirwa no kwama ntakamba umwanya wose, aho kuvuga.

Mana, mfasha, uhereye ubu, nzobe umusavyi yishikanye rwose.

Sinisengeye jenyene. Na mwebwe ndabasabiye ivyo mwese, nk'Umubiri wa Kristo, wahamagaweukuwe mw'isi, witeguye kubw'Igihugu c'isezerano, yuko Imana izompa ingoga zokuvuga ndababwira iyo nzira, ndayibereka mu buryo butomoye kugira ngo ntimuzemuyihushe. Nzoyibabwira kubw'ubuntu bw'Imana, nzokurikira amakanda y'Amarasoy'Umwe yadutangurira.

Nzikorerauyu musaraba mweranda

Gushik'ahonzopfira

Hanyumai Muhira nzokwimbikwa igitsibo

Hariyo igitsibocanje.

Ibi turabiguhaye, Data, ukwishikana kwacu, mw'Izina rya Yesu Kristo, Umwana wawe. Amen.

[Mwene Data umwe atanguye kuvuga mu ndimi. Agacekatavuga kuri bande—Umw.]

116 Turashimiye Umwami kubw'ibi. Gendere mu buzimabwishikanye. Nimwitange, mu bwiyoroshi no mu guca bugufi. Mugendere muri Mpwemu. Mugende, muvuge, mwambare, mukore nk'Abakristo, mwicishije bugufi, kandi nwiyoheje. Ntimureke ibi ngo bihushe aka kanya. Ijwi ry'Imana rivugiramw'Ijambo, rikavugira mu ngabire. Ingabire imwe iravuga, iyindi ikabisobanura, iyindi ikaza hanyuma igasobanura vya bindi nyene. Murabona, ivyo koko birahuyen'Ijambo hamwe n'iki gihe. Imana iri kumwe natwe. Ese ukuntu tuyikengurukirakubw'ivyo!

Ubu rero hamwe, n'imitwe yacu yunamitse, hamwe Mushiki wacu aduhaye inote ya:

Nujane Izina rya Yesu

Nk'inkinzomu mitego yose;

Ibigeragezobigusugereje,

Ucewongorera iryo Zina ryera mw'isengesho.

325 Reka dukore ivyo, tuvuge Ijambo, tuvuge Izina ryiwe. Reka tuyiririmbe mu gihedutanguye gusohoka.

Nujane Izina rya Yesu,

Nk'inkinzo...w'umubabaro;

Rizogutera umunezero ryongere rikuremeshe,

Ôrijane Ahuja hose.

Ni Izina ryiza pe...

Kano kanya reka turamukanye, tubwirane duti: "Nzogusengera Mwene Data, naweuzonsengere."

...mw'Ijuru;

Ni Izina ryizape (Izina ryiza pe !) Ô ingene riryoshe !

Ivyizigirovy'isi n'umunezero...

Ubu rerotwunamitse imitwe yacu, reka turirimbe iki gitero gikurikira:

Nujane Izina rya Yesu,

Nk'inkinzomu mitego yose;

Ibigeragezobigusugereje,

Ucewongorera iryo Zina ryera mw'isengesho.

Ni Izina ryiza pe (Izina ryiza pe !) Ô ingene riryoshe! Ô ingene riryoshe!

Ivyizigirovy'isi n'umunezero wo mw'Ijuru;

N'Izinaryiza cane, Ô ingene riryoshe!

Ivyizigirovy'isi n'umunezero wo mw'Ijuru.

117 Imitwe yacu yunamitse hamwe n'imitima nay o, kandi tuzi yuko Yesu yavuze ati: "Uwumva Amajambo

yanje, akizera Uwantumye, afise Ubugingo Budashira, kandintazoca mu Rubanza, ariko yavuye mu rupfu aja mu Busingo." Ivyo tubizi, kubw'ubuntu bw'Imana ivyo tuvye yegukire hamwe n'ibirurimwo; hamwen'ukumwiyegurira kano gatondo, kugira ngo ubuzima bwacu buhinduke uhereye uyumunsi, ku buryo tuzoba abarusgiriza kubona ibintu mu buryo bwiza mu vyiye vyumviro vyacu. Tuzogerageza kubaho mu bwiyoroshi no mu kwicisha bugufi, ku buryo, twizeye yuko ivyo dusaba Imana, ko izobihira umwe wese. Kandi ntituzovuganako ibibi, canke ngo tuvuge nabi uwundi. Tuzosengera abansi bacu twongere tubakunde, tugirire neza abatugirira nabi. Imana ni YoMucamanza w'umugororotsi n'uwugabitanya. Hamwe n'i...

Kur'urworufatiro, hamwe n'imitwe yacu yunamitse, ngiye gusama umugenze mwiza, MweneData Lee Vayle, nimba yocura ikoraniro mw'isengesho. Mwene Data Vayle.



www.messagehub.info

Ubutumwa bwa
William Marrion Branham
"...mu minsi y'ijwi..." Ivyah 10:7